ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЫДОКІ

№127 (23.035) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 2, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ • И уасэр сом 15-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щаІущІащ къэралым и нейрохирург цІэрыІуэхэм

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щахузэщ Урысейм и Нейрохирургхэм я ассоциацэм и президент, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием, Урысейм Медицинэ щІэныгъэхэмкІэ и академием я академик Коновалов Александр, Урысейм и нейрохирург нэхъыщхьэ Крылов Владимир, Дженавидзе И. И. и цІэр зезыхьэ институтым (Санкт-Петербург) и унафэщІ Парфенов Валерий сымэ.

АХЭР иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэщ «ГъэтІылъыпІэ зимыІэ нейрохирургие» курсхэр Кавказ Ищхъэрэм зэрыщрагъэкІуэкІым къыхэкІыу. Абы хэтщ Ипщэ федеральнэ округым, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыщ щхьэдохутыру щитІым нэблагъэ, Бурденкэ Н. Н. и цІэр зезыхьэ, Склифосовский Н. В. и цІэр зезыхьэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм (Москва къалэ) я ІэщіагъэлІхэр.

КІуэкІуэ Юрий хьэщІэхэм фыщІэ яхуищІащ дохутырхэм я щыналъэ зэхуаку конференцыр щрагъэкІуэкІыну Налшык къалэр къызэрыхахам папщІэ икІи технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм и иджырей Іэмалхэр убзыхуныкмкІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ Іэухуащіапіэхэм къыщыІэзэрагъэпэщынур и фІэщ зэрыхъур. ЗэІущІэм щыжаІащ республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и Іэнатіэм зэхъуэкІыныгъэ хъарзынэхэр зэрыщекІуэкІыр, сымаджэщхэр, амбулаторэхэр зэрарухуэр, зи Іэщіагъэм хуэІэкІуэлъакІуэ лэжьакІуэхэр зэрагъэхьэзырыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэхуэса дохутырхэм я конференцыр нобэ къыщызэІуах КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Дыгъуасэ КъБР-м и Іэтащхьэр яхуэзащ ди спортсменхэу Баку щекІуэкІа Европей джэгуфэм Урысейм и командэм дыщэ медалхэр къыхуэзыхьахэм

Кърагъблэгъахэм ящыщт бэнэкІэ хуитымкІэ Европэм тІэунэйрэ и чемпион Джэду Іэниуар, дзюдомкІэ дунейпсо, Европэ чемпионатхэм я призер Мудрэн Беслъэн, гъэсакІуэхэу Хьэсанэ Арсен, Олимп зэхьэзэхуэм жэз медаль къыщыІэзыхьа Тау Хьэсэнбий, Аруан районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмат, КъБР-м спортымкІэ и министр Хъущт Аслъэнбэч сымэ.

БАКУ щекІуэкІа ятІэ Европей джэгуфэм зэфІэкІышхуэ къызэрыщагъэлъэгуфамкІэ спортсменхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ ехъуэхъури, КІуэкІуэ Юрий жиІащ ахэр нэгъуэщІ зэхьэзэхуэ ин куэдми къызэрыщыхэжаныкІар. КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхуІащ къыкІэлъыкІуэ адрей зэхьэзэхуэхэм, псом ятІэ Бразилием 2016 гъэм щекІуэкІыну Олимпиадэм зыхуэгъэхьэзырынымкІэ спортсменхэм зыхуеину Іэмалхэр къаззрыхуэгъэгъэпэщыпхъэр.

«Фи текІуэныгъэхэм, - хэхуэу жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - республикэм и спортсмен ныбжьыщІэу минхэр ягъэгушхуэ. Ар идеологиещ икІи щэнхабзэщ. БэнэныкмкІэ зыри зытезыымыгъакІуэ ди спортсмен цІэрыІуэхэр псэукІэмкІэ, къэралым, щалъуа республикэм, къызыхэкІа лъэпкъым яхуэпэжу щытыныкмкІэ щапхъэщ».

ЗэІущІэм щаубзыхуащ спортсменхэм, ехъулІэныгъэ инхэр къэхьыным хуэунэтІа спортым сыт и лъэныкъуэкІэ защІэгъэхуэныкмкІэ лэжьыпхъэ Іуэху пыухыкІахэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Нэгъуэщі къэралхэм кърашыр гъэмэщІэн

Дыгъуасэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щахузэщ республикэм бизнесымкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ нэгъуэщІ къэралхэм кърашыр продукцэр гъэмэщІэнымкІэ программэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэным, къэралымрэ мылъку зыбгъэдэлъ цІыхухэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр и лъабжьэу социальнэ Іэнатіэм зегъэужьыным ахъшэ хэлъхьэным пыщІа Іуэхуэм.

«Дэ ди къалэныр хьэрычэтыщІэхэм папщІэ Іэмал нэхъыфІхэр къызэгъэпэщынырщ»,- къыхигъэщхьэхуІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

МэкъумэшыщІэхэм ахъшэкІэ ядэІэпыкъунущ

Гъавэр зэрыІуахыжымрэ мэкъумэшыщІэхэм зэрадэІэпыкъу субсидиехэр зэрытрагъашэмрэ теухуауэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къызэригъэпэща селектор псалъэмакъым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэхэр.

МЫ ПСАЛЪЭМАКЪЫМ хиубыдэу быдэу къагъэуващ мы гъэм УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм мэкъумэшыщІэхэм ядэІэпыкъун папщІэ къиутІыпщ ахъшэр зыхуэфащэхэм яІэрыгъэхьэжыныр зэфІагъэкІыну. А къалэнырщ зыхуэгъэзэр «Урысейм и куэдж» парт проектыр. Блэкіа маздэм и кІэуухм ирихьэлІэу мэкъумэшыщІэхэм папщІэ щІыналъэхэм къаІэрыхьа ахъшэм и процент 80-р зыхуэхахахэм иратыжащ. А ахъшэр псори зэхэту сом меларди 152-рэ мэхъури, абы щыщу сом мелард 78-р цІыхухэм яІэрыхьэжащ. Аущ щІыналъэхэм яхэтщ къэІэрыхьэ ахъшэм щыщу процент 20 нэхърэ мынэхъыбэ зыгуэшьжахэри.

Республикэм кърат дэІэпыкъуныгъэм и гугъу щищым КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Дадэ МуІэед къыхигъэщхьэкІащ 2015 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкІ субсидиеу сом 1 мелардрэ мелуан 637-рэ къеІыхыным теухуауэ республикэм и Правительствэм УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм эгурыІуэныгъэ зэрырищІыпІар икІи а ахъшэм щыщу сом мелуани 830-рэ къагъэсэбэпыну зэрыхунар. Жыг хадзэкр хащІэн, зэман кІыхькІэ Іэнатіэм зегъэужьыным трагъэкІуэдэн папщІэ республикэм къыхуауатІыпіща ахъшэм и процент 50-р зыхуахахэм яІэрыхьэжащ. Апхуэдэу «Іэщ фермэхэм зегъэужьыныр», «Фермер Іэнатіэм пэрыувагъащІэхэр» программэхэм ятпэ иткІэ, апхуэдэу Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэбзэгъэным хуэгъэзэуэ къауатІыпіща дэІэпыкъуныгъэр кьанэ щымыІэу ягуэшьжащ.

СелекторкІэ ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым къыхэщащ нэгъуэщІ къэралхэм ерыскъыпхъэхэр къыщащэхуну иджыри зы илъэскІэ зэрыхуимытым кърикІуэнкІэ хъунухэр. Абы теухуауэ Къэрал Думэм и комитетым и унафэщІ, парт проектыр зэхэзыльхьа Панков Николай жиІащ: «Мыр пІалъэ пыухыкІам тещІыхьа кьалэну аракъым. Къэралым ди мэкъумэшыщІэхэм ядэІэпыкъуным теухуа унэтІныныгъэ пыухыкІар ерыхихащ. А кьалэн дыдэрщ, къэралым ерыскъы и лъэныкъуэкІэ шынагъуэ къытемыгъахьэным хуэгъэзэуэ Президентым кьигъуэв кьалэнри. Абы лъэныкъуэ куэд къызэщІеубыдэ, мэкъумэшыщІэхэм ядэІэпыкъуныр, Іэнатіэм щекІуэкІ Іуэхуэхэр зэблэзыгъэкІ закон лъабжьэ зэтегъэувэныр, бюджетыр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныр, къэралым къыщалэжьа ерыскъыпхъэхэр тыкуэнхэм нэхъ зыубгъуауэ щащэныр къызэгъэпэщыныр хэту».

Селектор псалъэмакъыр къызэзыгъэпэщащэм къэралым и щІыналъэхэм я лІыкІуэхэм хуагъэуващ мэкъумэшэхэкІэр щызэрахьэн папщІэ хухахауэ щыта щІыхэр а мурадымкІэ къэзымыгъэсэбэпэхэм къеІыхьжьынымкІэ законыр зэрагъэзащІэм теухуа информацІэ шыщхьэуІум и 1-м фІэмыкІыу ягъэхьэзырыну. «Дызэрыщыгъуаз эмкІэ, субъект зэмылІэужьыгъуэхэм а законыр къызэрыщагъэсэбэпыр зэтехуэркъым икІи апхуэдэ щытыкІэр зэпкърыхьыхъэу къыдолъытэ, - къыхигъэщащ Мэзло Руслан.

Мы зэманым къагъэсэбэпа газым и уасэр пщалъэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым щызытыр мин 30-м нэблагъэщ.

Судым и зэІущІэр ягъэІэпэхуащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

ЗэІущІэр ягъэІэпэхуэ

● Іуэхущіапіэхэм

ЖКХ-м и Іэнатіэм жылагъуэ кІэлъплъыныгъэмкІэ и щІыналъэ центрым и унафэщІ Мэзло Руслан, «Республикэ - псоми ди зэхуэдэ Іуэху» КъБРОО-м и лІыкІуэху ХьэкІуащэ Хьэжмурат, Тхьэмокъуэ Анзор сымэ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и зи чэзуэзыщІэм хэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ хеящІэ Бабыгуей Любовь.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ ЖКХмкІэ и министерствэм 2013 гъэм кьищта унафэр ирагъэкъэтэжу судым щыдауэр «Газпром-Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-рщ. Кьагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр къызэралъытэ пщалъэхэм хагъэхъуэн хуейуэ.

Судым и зэІущІэр щекІуэкІым мызэ-мытІэу къыхагъэщащ абы лъабжьэ хуэхъу щапхъэ гуэри «Газпром-Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» обществэм зэримыІэр, апхуэдэу газыр къызэрагъэсэбэп щІыкІэр зэхигъэкІын папщІэ, КъБР-м и Правительствэр зыщІэупщІа тхыльхэр зэримыгъэхьэзырар. Пщалъэхэм хагъэхъуэн щхьэкІэ, УФ-м и адрей щІыпІэхэм къыщагъэсэбэп мардэхэр тегъэщІапІэ зэращІыр къеэзгъыркъым. УФ-м и Правительствэм щІыналъэ къэс тещІыхьауэ къыщта пщалъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ мащІэ дыдэу щагъэувам кьотІасэ.

Республикэм и цІыхухэм папщІэ, уасэхэр яІэтынкІэ зэрыхъунум жылагъуэ лэжьакІуэхэр тогузэвых.

- Абыхэм процент 27-кІэ хагъахьэмэ, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэм хуэзэр куэдым яхуэтынкъым, арышшами, къыхахьфыр процент 60-м щІигъуркъым, - къыхигъэщащ Мэзло Руслан.

Мы зэманым къагъэсэбэпа газым и уасэр пщалъэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым щызытыр мин 30-м нэблагъэщ.

Судым и зэІущІэр ягъэІэпэхуащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Къэрмокъуэ Хь. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр зэтегъэувэнымкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым икІи республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд зэрыхищІыкъам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Къэрмокъуэ Хьэчим Мухьэмэд и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№85-УГ

Къэрмокъуэ Хьэчим Мухьэмэд и къуэр къэрал, политикэ лэжьакІуэ цІэрыІуэщ. 1991 - 1993 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1у, 1994 - 2000 гъэхэм Урысей Федерацэм Къэзыбж и палатэм и тхьэмадзу щытащ. 2001 - 2009 гъэхэм КъБР-м и Парламентым и лІыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым щыІащ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и япэ хэхыгъуэм и депутату щытащ.

Зэныбжьэгъугъэ орденыр, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩІыхь тхыльыр къратащ.

Биттировэ А. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэм зегъэужьыныкмкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Биттировэ Абидат Маха и пхъум**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№86-УГ

Биттировэ Абидат Маха и пхъур Балъкъэр лъэпкъ театрым и лъабжьэр зыгъэтІылъа профессиональнэ артистхэм ящыщщ.

Хамэ щІыпІэ къикІыжу балъкъэрхэр я адэжь щІыналъэм къэкІуэжа нэужь, ар яхэтащ театрыр зэтезыгъэувэжахэм икІи абы и сценэм адэкІи щылэжьащ.

Биттировэ Абидат образ хьэлэмэтхэр щигъэзэщІащ «Къуршхэм нэху щощ», «Абрэдж», «Нысашэ нэужьым», «Лъагъуныгъэм теухуа поэмэ», «Къурш бжэн уІэгъэ» спектаклхэм.

Биттировэ Абидат КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артистхэщ.

Евтушенкэ Н. Н. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр зэтегъэувэнымкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым икІи республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным куэд зэрыхищІыкъам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэм*.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№87-УГ

Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэр Хэку зауэшхуэм и ветеранщ. КъБАССР-м хьыхь Май районым и «Красная нива» ГуащІэдзкІ Бэракъ Плъыжь орденыр зрата колхозым и тхьэмадзу илъэс 20-м нэблагъэкІэ лэжьащ. Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныкмкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ Евтушенкэ Николай Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь цІэр къыфІащащ. 1974 - 1987 гъэхэм ар КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и япэ къуэдзэу щытащ, иужькІэ нартыху гъэкІыныкмкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым (Налшык къалэ) и унафэщІу ягъэуващ, 1989 гъэм щегъэжьауэ а институтым и консультант нэхъыщхьэщ.

Ленин орденыр, Октябрьскэ Революцэ орденыр, Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэр, ГуащІэдзкІ Бэракъ Плъыжь орденыр, ЩІыхь орденым и ещанэ нагъыщэр, «И хахуагъэм папщІэ», «Зауэ Іэнатіэм щиІэ ехъулІэныгъэхэм папщІэ» медалхэр къратащ. РСФСР-м щІыхь зиІэ и агрономщ, КъБР-м хьыхь Май муниципальнэ щІыналъэм щІыхь зиІэ и цІыхущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэныкмкІ Іэнатіэм зегъэужьыныкмкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Лъэпщокъуэ БетІал Хьусен и къуэм*.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№88-УГ

Лъэпщокъуэ БетІал Хьусен и къуэм Аруан район сымаджэщым лэжьэн щыщІидзащ. Щхьэ куцІ, тхы куцІ уэыфхэр зиІэхэр япэ дыдэу БъБАССР-м операцэ щызыщІу щІэзыдзар араущ.

1960 - 1990 гъэхэм Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу лэжьащ. 1990 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховании зэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым и унафэщІу щытащ.

Лъэпщокъуэ БетІал Хьусен и къуэм къаруушхуэ ирихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкмкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным.

ЖКХ-м и Іэнатіэм жылагъуэ кІэлъплъыныгъэмкІэ и щІыналъэ центрым и унафэщІ Мэзло Руслан, «Республикэ - псоми ди зэхуэдэ Іуэху» КъБРОО-м и лІыкІуэху ХьэкІуащэ Хьэжмурат, Тхьэмокъуэ Анзор сымэ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и зи чэзуэзыщІэм хэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ хеящІэ Бабыгуей Любовь.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ ЖКХмкІэ и министерствэм 2013 гъэм кьищта унафэр ирагъэкъэтэжу судым щыдауэр «Газпром-Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-рщ. Кьагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр къызэралъытэ Іэмэпсымэхэр зимыІэхэм папщІэ, ягъэхуабэ метр зэбгъэзнатІэм маздэм хуэзэр кубометри 6,6-рэ хьууэ а тхьылъымкІэ ягъэуващ. Дауэгъум и лІыкІуэхэр абыкІэ мыарэзыуэ, Осетие Ищхъэрэм хуэдизу, а пщалъэр кубометри 8,4-м нагъэсын хуейуэ трагъэчыныхь.

2015 гъэм и щышылэм ООО-м КъБР-м и Правительствэм зыхуигъэзащ къагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр къызэралъытэ пщалъэхэм хагъэхъуэн хуейуэ.

Судым и зэІущІэр щекІуэкІым мызэ-мытІэу къыхагъэщащ абы лъабжьэ хуэхъу щапхъэ гуэри «Газпром-Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» обществэм зэримыІэр, апхуэдэу газыр къызэрагъэсэбэп щІыкІэр зэхигъэкІын папщІэ, КъБР-м и Правительствэр зыщІэупщІа тхыльхэр зэримыгъэхьэзырар. Пщалъэхэм хагъэхъуэн щхьэкІэ, УФ-м и адрей щІыпІэхэм къыщагъэсэбэп мардэхэр тегъэщІапІэ зэращІыр къеэзгъыркъым. УФ-м и Правительствэм щІыналъэ къэс тещІыхьауэ къыщта пщалъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ мащІэ дыдэу щагъэувам кьотІасэ.

Республикэм и цІыхухэм папщІэ, уасэхэр яІэтынкІэ зэрыхъунум жылагъуэ лэжьакІуэхэр тогузэвых.

- Абыхэм процент 27-кІэ хагъахьэмэ, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэм хуэзэр куэдым яхуэтынкъым, арышшами, къыхахьфыр процент 60-м щІигъуркъым, - къыхигъэщащ Мэзло Руслан.

Мы зэманым къагъэсэбэпа газым и уасэр пщалъэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым щызытыр мин 30-м нэблагъэщ.

Судым и зэІущІэр ягъэІэпэхуащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Биттировэ А. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэм зегъэужьыныкмкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Биттировэ Абидат Маха и пхъум*.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№86-УГ

Биттировэ Абидат Маха и пхъур Балъкъэр лъэпкъ театрым и лъабжьэр зыгъэтІылъа профессиональнэ артистхэм ящыщщ.

Хамэ щІыпІэ къикІыжу балъкъэрхэр я адэжь щІыналъэм къэкІуэжа нэужь, ар яхэтащ театрыр зэтезыгъэувэжахэм икІи абы и сценэм адэкІи щылэжьащ.

Биттировэ Абидат образ хьэлэмэтхэр щигъэзэщІащ «Къуршхэм нэху щощ», «Абрэдж», «Нысашэ нэужьым», «Лъагъуныгъэм теухуа поэмэ», «Къурш бжэн уІэгъэ» спектаклхэм.

Биттировэ Абидат КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артистхэщ.

Евтушенкэ Н. Н. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр зэтегъэувэнымкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым икІи республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным куэд зэрыхищІыкъам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэм*.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№87-УГ

Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэр Хэку зауэшхуэм и ветеранщ. КъБАССР-м хьыхь Май районым и «Красная нива» ГуащІэдзкІ Бэракъ Плъыжь орденыр зрата колхозым и тхьэмадзу илъэс 20-м нэблагъэкІэ лэжьащ. Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныкмкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ Евтушенкэ Николай Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь цІэр къыфІащащ. 1974 - 1987 гъэхэм ар КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и япэ къуэдзэу щытащ, иужькІэ нартыху гъэкІыныкмкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым (Налшык къалэ) и унафэщІу ягъэуващ, 1989 гъэм щегъэжьауэ а институтым и консультант нэхъыщхьэщ.

Ленин орденыр, Октябрьскэ Революцэ орденыр, Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэр, ГуащІэдзкІ Бэракъ Плъыжь орденыр, ЩІыхь орденым и ещанэ нагъыщэр, «И хахуагъэм папщІэ», «Зауэ Іэнатіэм щиІэ ехъулІэныгъэхэм папщІэ» медалхэр къратащ. РСФСР-м щІыхь зиІэ и агрономщ, КъБР-м хьыхь Май муниципальнэ щІыналъэм щІыхь зиІэ и цІыхущ.

Лъэпщокъуэ Б. Хьу. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэныкмкІ Іэнатіэм зегъэужьыныкмкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Лъэпщокъуэ БетІал Хьусен и къуэм*.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№88-УГ

Лъэпщокъуэ БетІал Хьусен и къуэм Аруан район сымаджэщым лэжьэн щыщІидзащ. Щхьэ куцІ, тхы куцІ уэыфхэр зиІэхэр япэ дыдэу БъБАССР-м операцэ щызыщІу щІэзыдзар араущ.

1960 - 1990 гъэхэм Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу лэжьащ. 1990 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховании зэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым и унафэщІу щытащ.

Лъэпщокъуэ БетІал Хьусен и къуэм къаруушхуэ ирихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкмкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным.

Яхуэфащэ гулъытэ ягъуэтын папщIэ

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI Бакъ Николай журналистхэм яIуIащ. Пресс-конференцым хэтащ абы и къуэдзэхэу Ортабаев Тимуррэ Дыкъынэ Заремэрэ.

● Пресс-конференц

Бакъ Николай

МАЗИЩ и пэкIэ къулыкъу дзыхь зыхуащIа Бакъ Николай зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ фондым илъэсыр къэзэрихьэр зэфIигъэкIа лэжьыгъэм. ЦIыхьэхэу кьэтеувыIащ анэм и ахъшэр зэратым, ар зыIэрыхьахэм къыззэрагъэсэбэпым, пенсэхэр зэрагъэувым, ахэр цIыхухэм зэрыухахь щыкIэм, лэжьакIуэхэр къыззэрихахьм. Пенсэ фондым и унафэщIым гупльитэ хэха хуищIауэ страховой ахъшэ тыкIэр егъэфIэкIуэным. Къыхигъэщащ я Iэнатlэм щылажьэхэм я Iэщlагъэм хагъэхуэным къызэгъэпэщын зэрыкуейр. Къытеувыlащ ПФР-м и Iэнатlэм Iулъхьэ щыземыкIуэнымкIэ зэфIэхыпхъэ лэжьыгъэм.

Пресс-конференцым ирагъэблагъа журналистхэр зыщIэупщIахэм ящыщIащ къэкIуэнум пенсэр зэраубзыхуну, ар зэрыIэрагъэхьэм страховой ахъшэр зэратыр, нэгъуэщIэри. Бакъ Николай журналистхэм яжриIащ прессэм щIэх-щIэхыпэ зэрахуэзэнур.

ЗэIущIэм къыззэрыщагъэлъэгъуащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и МФЦ-мрэ Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щы-Iэмрэ IэхэутхьэбзэI 22-м теухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIащ.

2015 гъэм и япэ мазитхуэм пенсэ, фIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэхэм ятещIыхьа страховой ахъшэу къаIэрыхьащ сом меларди 2-рэ мелуан 771,5-рэ (нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм сом меларди 2-рэ мелуан 617,4-рэ), икIи процент 105,88-м нэсащ.

Зи гугъу тщIы IэхэутхьэбзэрэзэрыщIыгъуэхэр ч1эуэм ягъэззэщIэн папщIэ ПФР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм УФ-м и законодательствэм ипкъ иткIэ, Iэмал псори къигъэсэбэпми, страховой ахъшэр къыхэхыныр гугъуэхэ зыпылъщ. Къапщтэмэ, страховой ахъшэ зытыпхъэ цIыху 5822-м ящыщу 4315-м щыIэуэ ятелъщ. Абы и лъэныкъуэкIэ нэхъыбэ зытелъхэм ящыщущ Троллейбус управленэр, «Полупроводник IэмэпсымэхэмкIэ Прохладнэ завод», «Прохладнэ» ремонтмеханикэ завод», «Гъуэгуэр зэзыгъэпэщыкъ ухуакIуэ управленэ №№6» Iэзэкуцlапlэхэр, «Тэрчеплосбыт», «Коммуналнэ хозяйствэмрэ Налшык къалэ и зэIуэпэщыгъэмкIэ комбинат» управленэхэр.

Журналистхэр нэхъыбэу зыщIэупщIахэм ящыщущ анэ (унагъуэ) капиталыр къызэрагъэсэбэпыр.

Жэуапым къызэрыхэщащи, дызэрыкIыныжмкIи икъукIэ щхьэпэщ. Ар зэрыпэжыр наIуэ къащIын мурадкIэ, щIэнигъэлIэхэм къахутэныгъэ ирагъэкIэжкIащ.

Экспериментым щIыхь 500 кьыхэащащ икIи ахэр гупищу ягъэшащ. Ящэ гупыр класкIэ макъамэм махуэ къэс, етIуанэм щыщхэр тхьэмахуэм тIэу-щ ирагъэдаIуэрт. Ещанэ гупым хэтхэр апхуэдэ макъамэ ирагъэдэIуэхьакъым.

Къэхутэныгъэр зэрекIуэкIа илъэситIым къыриубдзу щIэныгъэлIэр якIэлъыплъащ абы хэтхэм я узыншагъэм, я Iуэху зыIутхэри я нэIэм зэпымыууэ щIэтащ. А къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуар ещ щIэныгъэлIэхэми ягъэщIэгъуэжащ: ящэ гупым хэтхэм я псэукIэр куэдкIэ нэхъыбэ Iуэт, хэхуэ яIэм и мызакъуэу, абыхэм я узыншагъэкIи зыдагъуэ щыIэтэкъым. Зи гущIэр зэрыщытауэ къэнэжар ещанэ гупым хэтхэрщ - я къуленягъкIи я узыншагъэкIи абыхэм захъуэжакъым.

Доллар мелуан 12-кIэ къеГъэгугъэ

Демократием и хабзэхэм тету, Украинэм зиужьыным трагъэкIуэдэн папщIэ доллар мелуан 12-м щIигъу а къэралым хуэхьынущ Канадэм.

Апхуэдэу Киев щыжиIащ Канадэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Кенни Джейсон. Абы къызэрилытэмкIэ, а ахъшэр Украинэм къыхуигъэсэбэпын хуейщ зэхъуэкIыныгъэфIэхэр егъэкIуэкIыным.

Къэралхэм я зэхущытыкIэхэм тепсэлъыхьын мурадкIэ, Кенни иджыблагъэ Киев щыIащ икIи Украинэм и президент Порошенкэ Пётр, премьер Яценюк Арсений, зыхъумэжыныгъэмкIэ министр Полторакэ Степан, нэгъуэщI къэралыгъуэ IуэхугъэмкIэ министр Климкин Павел сымэ яIущIащ. Ахэр тепсэлъыхьащ Украинэм щыIэ щытыкIэм, ахэр иджыпсту зыихэт гугъуехьхэр къызэранэкIыныжмкIэ Канадэри щIэгъэкъуэн зэрахуэхъунум.

Кенни жиIащ Украинэм IэщэкIэ зэщIэуэзда и къарухэм я сэлэтхэр ягъэсэн папщIэ Канадэм и дзэ инструктор 200 а къэралым ягъэкIуэну, апхуэдэуи Iэщэ хурагъэшэну зэрыхьэзырыр.

Къулей ухъуну ухуеймэ

Классикэ макъамэм гупсэхуГуэ къуэзритым куэд щIауэ дыщыгъуазэщ. Абы щIыхур узыншэныжмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ - и акъылым зиужьыныжмкIи псэр зыхэхуа гуэвэгъуэм къыхэныжмкIи сэбэпышхуэ мэхъу. Ауэ абдежыж къыщIывыIэркъым а макъамэ лIэужьыгъуэм и зэфIэкIыр.

КъызэрыщIэкIымкIэ, классикэ макъамэр щIыхур къулей хъунымкIи, и Iуэху дэкIыныжмкIи и зы кIапэм куэдрэ Iуэхущ. Ар зэрыпэжыр наIуэ къащIын мурадкIэ, щIэнигъэлIэхэм къахутэныгъэ ирагъэкIэжкIащ.

Экспериментым щIыхь 500 кьыхэащащ икIи ахэр гупищу ягъэшащ. Ящэ гупыр класкIэ макъамэм махуэ къэс, етIуанэм щыщхэр тхьэмахуэм тIэу-щ ирагъэдаIуэрт. Ещанэ гупым хэтхэр апхуэдэ макъамэ ирагъэдэIуэхьакъым.

Къэхутэныгъэр зэрекIуэкIа илъэситIым къыриубдзу щIэныгъэлIэхэр якIэлъыплъащ абы хэтхэм я узыншагъэм, я Iуэху зыIутхэри я нэIэм зэпымыууэ щIэтащ. А къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуар ещ щIэныгъэлIэхэми ягъэщIэгъуэжащ: ящэ гупым хэтхэрщ я псэукIэр куэдкIэ нэхъыбэ Iуэт, хэхуэ яIэм и мызакъуэу, абыхэм я узыншагъэкIи зыдагъуэ щыIэтэкъым. Зи гущIэр зэрыщытауэ къэнэжар ещанэ гупым хэтхэрщ - я къуленягъкIи я узыншагъэкIи абыхэм захъуэжакъым.



Бадзэуэгъуэм и 2, *махуэку*

♦Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ

♦Уфологым и дунейпсо махуэщ

♦Саха (Якутие) Республикэм щагъэлъапIэ Ленэ псэм и махуэр

♦Азербайджаным и полицэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1556 гъэм пащтыхь Грозный Иван Астрахань Урысей къаралыгъэм хигъэхащ икIи Астрахань хъаныгъэр икъутэжащ.

♦1964 гъэм «Къэббалъкъгаз» трестыр къызэрагъэпэщащ.

♦1975 гъэм Ростов - Владикавказ гъущI гъуэгум мафIэгуэхэм щызекIуэу щIадзащ.

♦1976 гъэм Вьетнам Социалист Республикэр къызэрагъэпэщащ.

♦1990 гъэм къызэIуахащ КПСС-м и иужьрей XXVIII съездыр. Ар бадзэуэгъуэм и 13 пIондэ екIуэкIащ.

♦Урысей усакIуэшхуэ Пушкин Александр и анэ **Пушкинэ (Ганнибал) Надеждэ** къызэралъхуэрэ илъэс 240-рэ ирокъу.

♦ШэрджэсхэкIуэ **Гъуэщокъуэ Хъусин** къызэралъэсим анэм и ахъшэр хэхъуащ икIи том 453026-м нэсащ. Къыхэдгъэщынщи, 2007 гъэм а программэм лэжьэн щыщIидзам ар сом мин 250-рэ хъууэ щытамэ, иджы хуэдэ 1,8-кIэ хэхъуащ. Ди республикэм анэ (унагъуэ) мыльку и къэрал сертификатхэр унагъуэ 47675-м яIэрыхьащ икIи процент 60-м щIигъуи ар къагъэсэбэпащ. Нэхъыбэу мыльку зытрагъэкIуадэр псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэныращ. Анэм и ахъшэр ят зэрыхъурэ щIыхуэ 10832-м ар унэ уэуэным, къэщхуным е я Iэхуэхэм теухуауэ банкым и щIыхуэ ятелъмэ, япшыныжьным трагъэIуэдащ (щIыхуэ 17893-м). Я сабийхэм щIэныгъэ ирагъэгъуэтыным мыльку хухахащ 181-м, пенсэ Iуэхум хуэзыгъакIуэр зэкIэ щIыхуэ 6-щ.

ЦIыхухэм пенсэхэр зэрыIэрагъэхьэм и гугъуэщущым, Пенсэ фондым и унафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, иджыпсту ахэр ахъшэ хуэмапIэ банк 15 ядолажьэ. Пенсэ кIуа цIыхум езым къыхехьэр ар къыззэрыIэрыхьэну щIыкIэр. Куэдым, псом хуэмыдэу зи ныбжь нэхъ хэкIуэтахэм, кьуажэдэхэм Урысей пощтымкIэ къаIэрыхьэмэ нэхъ къащтэ. Ижь зэманым Урысей пощтым и Iэхуэтхьэбзэхэм я уасэр икъукIэ дригъэкIуеину. ЦIыхухэм пенсэхэр, нэгъуэщI социальнэ ахъшэхэр зэрыIэрагъэхьэм папщIэ, Пенсэ фондым мылькушхуэ пощтым хуиутIыпщын хуей мэхъу. Мыри кьыхэдгъэщынщи, цIыхум и пенсэр банкым къыщыIэрыхьэмэ, абы къыщыззIуиха и сберкнижкэм, е карточкэм кIуэмэ, дауи, нэхъ зэхуэхьэса мэхъу. ПIалъэ гуэркIэ ар къыхэлыжьмэ, мащIэмэ, абы процент гуэри кьыпокIуэ.

ЗэIущIэм зыщыстепсэлъыхьэхэр къыщызэщIикъуэжьым Бакъ Николай къыхигъэщащ УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьыгъэр нэхъри ирагъэфIэкIуэным, я лэжьакIуэхэм яхуэфащэ гулъытэ ягъуэтын и лъэныкъуэкIэ хуэзэфIэкI псори зэрищIэнур, и мурадкIэ и гупым къызэрыдаIыгъуэр и фIэщ уэрэхъур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дунейм и щIыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 3, *мэрем*

♦ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Хакасие Республикэм и махуэщ

♦Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Алтай Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Беларусь Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1700 гъэм Константинополь щызэращIылIа мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Iуэзэ (Азов) и Iэгъуэблагъэхэри щыIэгъуу (Таганрог, Павловск, Миус) Урысейм и щIыналъэ хъуащ.

♦1885 гъэм Бенц Карл къигупсыса автомобилыр игъэунэхуащ, цIыхухэм яригъэлъэгъуащ. Аращ и къежьапIэр иджыпсту дунейм псом цIэрыIуэ щыхъуа Мерседес-Бенц автомобиль къащым.

♦1916 гъэм Лондон щызэхэтащ «Титаник» къхъыкIыщIыхьэфам теухуа суд-щ.

♦1944 гъэм Минск къалэр зэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу къыхуагъэфэщащ.

♦США-м щыщ актёр, режиссёр, продюсер икIи сценарист **Круз Том** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щIыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьащцIихынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Iуэхухутэ яIыркъым, лыкIуэ яукIыркъым.

Къэзахъстаным и губгъуэ кIэуухынышэхэм я зы кIапэм хуэзэ Тарэ-Там гъуэщI гъуэгу станцым 1955 гъэм щитIысыкIауэ щытащ геолог гуп. Абыхэм хуагъэуват космосыр къэхутэным елэжьыну комплексыр ящIын папщIэ къагъэсэбэп хъуну материалхэр езы щIыналъэм къыщалъыхьэну. Ауэ абыхэм ухуэныгъэм епхьэлIэ хъуну зыри ягъуэтакъым, пшахъуэрэ псырэ нэмыщI. Нэхъ ижькIэ «Байконур и ухуакIуэхэм IыгъэгъэщIэн щыIэрахьа щIыпIэу» къалъытам итIани куэд дэмыкIыу лэжьыгъэ инхэм зыщагубгъащ.

МЫ ЩIЫПIЭРЩ тхыдэм щыяпэу 1957 гъэм ЩIым и спутник Iэрыщыр щагуПIыщар, щIыпIэм щыпсэуэм ящыщ ягъэ космонавт Гагарин Юрий хъэршым кIуэну щежьар. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм мыбы щагутIыпщащ «Восток», «Восход», «Протон», «Союз» космическэ къхъухэр, «Салют», «Мир» орбитэм ит станцхэр, «Энергие-Буран» системэр, щIым и спутник Iэрыщыр.

Балигъ хъуа дэтхэнэ зы щIалэмэ хуэдэу, сэри 1968 гъэм дзэм сашауэ щытащ. Абы щыгъуэ сэ Байконур сагъэкIуат Инженер лъжьыгъэхэмкIэ управленэ №130-м дзэ къулыкъур щесхьэкIыну.

А управленэр япэ дыдэу къызэзыгъэпэщауэ щытар инженертехническэ къулыкъум и генералмайор Шубников Георгий Максим и къуэр. Дзэм къулыкъу щызыщIэ ухуакIуэхэу «Байконур» комплексыр зэтегъэуэрэнын елэжьхэм тхыдэм пщIэшхуэ хуащIыри, Шубниковыр хэтми зымыщIэ къахэгъэтэгъуейт. Абы и щIыхьыр конструктор нэхъыщхьэу Королёв Сергей Павел и къуэр. Дзэм къулыкъу щызыщIэ ухуакIуэхэу «Байконур» комплексыр зэтегъэуэрэнын елэжьхэм тхыдэм пщIэшхуэ хуащIыри, Шубниковыр хэтми зымыщIэ къахэгъэтэгъуейт. Абы и щIыхьыр конструктор нэхъыщхьэу Королёв Сергей Павел и къуэр. Дзэм къулыкъу щыпсэу щIыпIэхэм зыхуэныкъуэ щIыпIэхэм я Iэщlагъэм хагъэхьэзырыр. УхуакIуэ батальонхэр Iэщlагъэ пыухыкIахэмкIэ зэхэдзат, автобатальонхэр, механизацэмкIэ батальонхэр, гъущI-бетон пкъыгъэхэмкIэ заводхэр, унэхэр зыухуэ комбинатхэр лажьэрт. Космодромым и щIыналъэм хиубыдэу зы тутнакъэщи щыIакъым. ЦIыху мин 30 хуэдиз щыпсэу езы къалэ цIыкIум хабзэ тхIыкIи щызекIуэрт. Сэлэтхэм гупурэ зэщIыгъуу фIэкI къакIухьыну хуит ящIыртэкъым. Апхуэдэу комплексым хиубыдэу сурэт телъхьэнутэкъым. Ауэ сэлэтхэр щыпсэу щIыпIэхэр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщат. Дэтхэнэ батальонми зэхэгъэщхьэхуакIуэ гъэмахуэми щIымахуэми кино щепIыну щIыпIэхэр, шей ефапIэ, спорт комплекс, нэгъуэщI зыгъэпсэхупIэхэри иIэт. Къыхэм и кум хуэзэу ухуакIуэхэм IIэнжабэмкIэ и унэр къыщызэIуахати, абы щIэх-щIэхыурэ къакIуэрт Москва и артист нэхъыщхьэр: Сатирэмкlэ театрым, Маяковскэм и цIэр зезыхьэ театрым, Театр Иным я артистхэр икIи абыхэм я спектаклхэм деплъыну къыщыгъуиуэ щIэт. Апхуэдэу сэ ятэ дыдэу абы щысIыпэгъуащ «Варшавэ и макъамэ» спектаклыр, СССР-м и цIыхубэ артист Тенин Борис и джэгукIэр.

Сэлэтхэм псэупIэхэр, социальнэ Iэхуэщlапlэхэр ящIырт, космосым пыщIа комплексым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм хиубыдэ ухуэныгъэхэр ирагъэкIыжырт. Я5ынныкъуэхэм деж дэ делэжьырт къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэр дымыщIэ ухуэныгъэхэми. Ухуэныгъэхэр икъукIэ псынщIэу екIуэкIырт, къапщтэмэ, фэтэрищэ хъу, чырбышым къыхэщIыкIа псэупIэ зиэр мази 5-6-м кьриубдзу къэзыр ящIырт. Ауэ сэ я зэманым мы щIыпIэм сыщриизэлIакъым суд унафэкIэ ягъэтIысауэ ягъэлажьэу зы цIыхуи. И нэхъыбапIэкIэ мыбы щыIар СССР-м и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщу дзэм ираджа сэлэтхэу зи ныбжьыр илъэс 18-20-м итхэрщ. Сэ къуныкъу щысщIа 1036-нэ ухуакIуэ отрядым урысхэр, украинхэр, белорусхэр, адыгэхэр, осетинхэр, ингушхэр, шэшэнхэр, молдованхэр, узбекхэр, тыркуменхэр, нэгъуэщIхэри хэтащ.

Байконур щедгъэкIуэна ухуэныгъэхэм ящыщу сэ нэхъ сигу кIиныжащ Пионерхэм я унэр. Ар ухуэныгъэм и Iэнатlэу я хъууэ зэхэтти, зы сэ сыщылажьэрт, адрейхэм щыIэ прорабэхэр офицерхэрт. Пенинкъ къызэралъхуэр илъэси 100 щирикъу махуэр - 1970 гъэм мэлыжьыхьым и 22-р - къэблагъэрти, лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым еплъыну махуэ хъсэ ди деж къакIуэрт ухуакIуэхэм я унафэщI, генерал-лейтенант Гуровин И. М. Офицерхэр лэжьапIэм гуваюэ зэрыщыщым къыхэкIыу генералым пежьэр сэрат, сержант нэхъыжьыт, Iэнатlэхэм ящыщ зы и прорабырт.

Пионерхэм я унэр къыщыззIуахынум и пэ къихуэу, Гуровин И. М. и деж щекIуэкIа зэIущIэм подряд Iэхуэщlапlэхэм я унафэщIхэмрэ политикэ лэжьыгъэмкIэ командирхэм я къуэдзэхэмрэ зэныкъуэкъуу хуежьащ мы ухуэныгъэм и дамыгъэу ягъэхъэзыра Iункlыбзэр пионерхэм езытынчм теухуауэ. Абыхэм ящрагъэкIуэкIэм зыкъомрэ едэIуа нэужь, генералыр щIэупщIащ: «Ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIым сепплыну сыкъыщыIуэхэм деж къыслущIэу щыта а сержант пащIацэм и унэцIэр хэт?» Си унэцIэр къищIа нэужь, абы жиIащ: «Мис абы Iункlыбзэр сабийхэм яритынщ». А щIыкIэм тету сэ къыслысауэ щытащ щыхьыыхьэ зыпылъу къалъытэ къалэнкIэ, ауэ ящIэщу нэхъ пашэ дыдэхэм сыхамыбжэми.

Байконур зыхуэбгъэдэн щымыIэщ. А лъэхъэнэми, уеблэмэ иджыпскъым, иригухырэкъым. - Абыхэм ящIыгъуу Iуэху зэрыхъунум егупсысырт, хэкIыпIэ нэхъыбэ зыхуэхьынырт. ЗэрыгурыIуэгъуащ, ар апхуэдизу цIыху щабэтэкъым, и унафэм щIэтхэм тезыр ткIий щатрилъхьэ щыIэт, ауэ апхуэдэ зэи щхьэусыгъуэнщэу къэхъуртэкъым. Шубниковым и зэхуэсхэр сытым дежи зытеухуар и лэжьыгъэрт, ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIыр зэпкърыхьныр.

Мы зэхуэсри апхуэдэт. Королёв кIуэри, планэрэ гуэрым щетIысэхащ, гу къыпIыыпIэщхуэ щымыIэу.

Ухуэныгъэм и унафэщIым лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым теухуа графикыр блным къыфIилъхьэри, Iуэхур зытетыр къызэхуэсахэм я пащхьэ къриплъхьащ. Хьарзынэу зэфIагъэкIахэри, зыхуэмысахэри, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу зыпэмылъщ гуэрхэри щыIэт. Шубниковым къыбгъурыст Iэнатlэм и инженер нэхъыщхьэр, унафэщIым и Iэщlагъэр, парторгыр. Псалъэмакъыр зэпIэзэрыту, губжьрэ кIийрэ зэжьэту екIуэкIырт. Ауэ къэпсалъэр графикым и Iыхьэ хэхам деж къыщыззэтеувыIэри жиIащ:

- Оборудованэр яГъуэму щIадзэн хуейщ, ауэ ар иджыри кърашэлIакъым.

- Хэт оборудованэр къэшэныр зи пщэ иIыпIэ? - щIоупщIэ Шубниковыр.

- Сэращ, - жеIэри къотэдж гупым ящIыщ зы, - оборудованэр къыщIэдмышар пэшыр хьэзыр ящIакъыми аращ. Абы иджыри лэчыр щахуэжакъым.

- Абы иджыпсту лэч щыщIахуэн щIэхъым, - идакъым Шубниковым, - Iэмэпсымэхэр щагъэзыкIэ блынхэр якуэтэнущ, гъущI гуэркэри зэпагъэвэн хуейщ. Абы иужькIэ лэчым щыщу зыри кьэнэжыныкъым.

- Абы дэ ди Iуэху хэлъхъым. Оборудованэр хъэтшэнукъым, пэшыр лэн ямыуэхащ.

Абдежым Королёв и макъыр кьэIуащ:

- Пэшыр ямыгъэну Iэмал щымыIэр сыт? Фэ фи оборудованэр щIыбым щыбгъэув хъунущ!

- Уэ, ныбжьэгъу, уи Iуэхуу сыт абы хэлъ, - зэпиудащ Королёвым и псалъэр мыдрейм, Iуэхум зыри щыхьумышщIыкIкIэ, ущIыхэлэбэн щыIэкъым!..

- ФымыпIейтейт зэкIэ, ныбжьэгъуэ, - къыззэригъэувыIащ псори Шубниковым, - зи да псалъэмакъым зэи тэмакъкIэщIагъ хэтлъхьэркъым. Уэри, - зигъэзащ абы Королев и дежкIэ, - укъыщIытхэIэбэн щыIэкъым. МахуитIым къриубдзу оборудованэр вгъэвауэ сыкъриплъхьэлэIэ, апхуэдэ унафэ фхуэзощIри. Армырамэ, уи министрым деж сыпсэлъэнщи жесIэнщ оборудованэр и пIалъэм къызэрымышалIэр...

ЗэIущIэм къыщIэкIыжа нэужь, Шубниковымрэ Королёврэ куэдрэ дыхьэшхащ.

- Схуэмышэчу сыкъыщитхъащ, - жиIэрт Королёв - пщIыпупсэм сатеплъэ хъуркъым. Ауэ псалъэ узот дяпэкIэ апхуэдэу зэи сымыщIэну.

- Сэр дыдэми ерагъкIэ зысIыгъауэ аращ, - жиIащ Шубниковым. - Ауэ, дауэ щымытми, тэмакъкIыхьагъым нэхъри нэхъыфI щыIэкъым.

- Ар къызэгурыIуэ, ауэ си хьэпIыр нэгъэщIащи, сыкъыщIэтхъ, - къыпидзыжащ абы Королёвым.

И хьэлкIэ хуабжьу зэщхьэщыкIырт а тIур - Байконур и Конструктор нэхъыщхьэмрэ УхуакIуэ нэхъыщхьэмрэ. Ауэ тIуми зы Iуэхут ялэжьри, быдэу зэкъуэтт. Ахэр гъашIэм зэкъуигъэуват. ЗэлэжьэгъуитIыр зэщIыгъуу кIэлъыплъащ Шым и спутник IэрыщIыр зэраутIыпщым. Королёв бгъурыту къхъуьхэр щагъэлъатэ щIыпIэм деж Шубниковри щытащ, космосым кIуэну Гагарин Юрий щрагъажьэм щыгъуэ.

1965 гъэм и гъэмахуэм уэ хьэлъэкъуеуалIэри, Шубниковыр нэф хъуащ. Абы и ныбжьэгъуэхэм ящIащ зым мыпхуэдэу жиIэжырт:

- Королёв Сергей дэрэ ар зыщIлъ пэшым дыщыщIыхьам, Шубниковым Конструктор нэхъыщхьэр и зекIуэ макъымкIэ къыщIыхужащ. «Уэра ар, Сергей Павел и къуэ?» - къэпсалъащ ар занщIэу. ЗэныбжьэгъуитIым Iэплъэ щызэхуащIым, Королёвым и нэпсхэм къызэпажьыащ. Ар щыслъагъум, сэ езы тIур я закъуэу къэзгъанэри сыкъыщIэкIыжащ...

Байконур иджыпсту фэеплъ куэд дэтщ. Космосыр къэзыгъэуIыщIэхэм къалэм и узрамхэм, утхэм щыкIуэ цIэрыIуэхэм я щэхэр фIаращажащ. Абыхэм яхэтщ Королёврэ Шубниковымри. Байконур щауха зэман жьыхьэми хуэдэу, ахэр нобэми зэгуэсщ.

ТХЫГЪЭР ЗЕИМ ТЕУХУАУЭ

Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр дзэ ухуакIуэ гуп 74/08-м и прорабу щытащ, ухуакIуэ, «Байконур» космодромыр зыщIахэм яхэтащ. Ар Урысейм щIыхь зиIэ и энергетикщ, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэщ.

КЕБЕКОВ Владимир:

Байконур зыухуахэм сащыщщ

ГукъэкIыжхэр

туи дунейм къэрал куэд теткъым апхуэдэ ухуэныгъэ хьэлэмэт иригъэкIуэкIыфыну. Сигу къокIыж Ленинск къалэм и гъунэм щылэ унэ цIыкIур, президент Шарль де Голль и унэкIэ псори зэджэу щытар. КъызэрыщIыкIмкIэ, Франджым и президентыр Байконур къыщыкIуэнум ирихьэлIэу ящIат. Ухуэныгъэхэм елIа нэужь, СССР-м и ракетдзэхэм я зэфIэкIым и инагъыр телъыджэ зыщIихуэ хьэщIэр ди къэралым и Iэтащхьэм Брежнев Л. И. щепсальэм еупщIащ: Советхэм я ракетэхэу ядернэ Iэщlэкlэ къызэгъэпэщахэр НАТО-м, адрей апхуэдэ зэгуэныгъэхэм хэт къэралхэм я къалащхьэхэм ятегъэпсауэ жыхуаIэр пэж? Генеральнэ секретарым ар зэрыпэжыр ибзыщащ. ХьэщIэр къэлыбащ: «Париж Франджым и къалащхьэ къудейкъым, ар дунейпсо хъугъуэфIыгъуэхэм я къалэщ». Брежневым жиIащ езыми апхуэдэу къызэрилъытэр. СССР-м икIыжу де Голль къужа нэужь, мыгувэу Франджыр НАТО-м къыхэкIыжащ, а зэгуэныгъэм и штабри Париж къыдигъэкIыжащ.

УхуакIуэхэмрэ ракетчикхэмрэ я зэхущытыкIэм гъэщIагъуэн куэд хэлът. Абы и щыхьэтщ 1983 гъэм мазаем и 9-м къыдэкIа «Правда» газетым Губарёв В. къытрыригъэдза мы тхыгъэр.

Шубниковым конструктор нэхъыщхьэр аэродромым къыщирагъэблагъэзэжырт. Нэхъ япэкIэ телефонкIэ зэрызэгурыIуам тету, ахэр ухуэныгъэхэм елптыну кIуащ.

Конструктор нэхъыщхьэр илъэгъуамкIэ арэзыт - ухуакIуэхэм зыхуагъэувыжа къалэнхэр и пIалъэм зэфIагъэкIат.

- Берычэт бесын, Георгий Максим и къуэм, - жиIащ Королёвым. - Ауэ сэ лъэIуу тIу пхузиIэщ. Япэраду, си лэжьакIуэхэр щыпсэуэну унэхэр нэхъыфIыIуэу фхузехьэну пIэрэ? Ахэр псори цIыху дыщащ...

- ТхузэфIакI къэдгъэнэнкъым, Сергей Павел и къуэ, - жэуап къитыжащ Шубниковым. - Пэж дыдэу, уи цIыхухэр дыщэ защIэщ, ауэ си ухуакIуэхэри жырым къыхэIущIакIащ...

Королёв къэдгъэхьэжащ.

- АбыкIэ сыакъылэгъущ, ауэ нэгъуэщI зыкIи сыпонлъэIунут. Лэжьыгъэм фыщытепсэлъыхь фи зэIущIэхэм ящыщ зым зынрэзгъэхьэлIэ хъуну пIэрэ - цIыхухэм жаIэр зэхэсхыну сыхуейт.

- Игъуэ дыдэщ, дэтхэнэ ухуэныгъэми ся тхьэмахуитI къэс зэ апхуэдэ зэIущIэ щызэгъэкIэжри, мис мы Iэнатlэм пщэдей дыщыззхуэсыну тохуэ...

- Ауэ си цIэр къыумыIуэ, лъэIуащ Королёв. - Зы планэпэ деж сытIысыкащи, зыкъыхэзгъэщынкъым.

- Уи цIэр къисIуэну сызэрыхуимытыр сощIэ, - сыпсалъэ, Шубниковым. - Уэ, Сергей Павел и къуэ, цIэримыIуэ цIыхуу узэрыщытыр сощIэ.

Шубниковым зэхимыгъэкIыу зы Iуэхуи къигъанэрэкъым. Ухуэныгъэр зэрекIуэкIым еплъа нэужь, абы пэрытхэр зэхуиушэсырт. Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым хуей графикыр бльным къыфIилъхьэри, адэжЗ лэжьыгъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейр зэщIыгъуу зэпкърахырт. Ар зэи и унафэм щIэтхэм ятекIиертэкъым, иригухырэкъым. - Абыхэм ящIыгъуу Iуэху зэрыхъунум егупсысырт, хэкIыпIэ нэхъыфIхэр къилъыхьэрт. ЗэрыгурыIуэгъущи, ар апхуэдизу цIыху щабэтэкъым, и унафэм щIэтхэм тезыр ткIий щатрилъхьэ щыIэт, ауэ апхуэдэ зэи щхьэусыгъуэншэу зэхуэсхэр сытым дежи зытеухуар и лэжьыгъэрт, ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIыр зэпкърыхьныр.

Мы зэхуэсри апхуэдэт. Королёв кIуэри, планэрэ гуэрым щетIысэхащ, гу къыпIыыпIэщхуэ щымыIэу.

Ухуэныгъэм и унафэщIым лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым теухуа графикыр блным къыфIилъхьэри, Iуэхур зытетыр къызэхуэсахэм я пащхьэ къриплъхьащ. Хьарзынэу зэфIагъэкIахэри, зыхуэмысахэри, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу зыпэмылъщ гуэрхэри щыIэт. Шубниковым къыбгъурыст Iэнатlэм и инженер нэхъыщхьэр, унафэщIым и Iэщlагъэр, парторгыр. Псалъэмакъыр зэпIэзэрыту, губжьрэ кIийрэ зэжьэту екIуэкIырт. Ауэ къэпсалъэр графикым и Iыхьэ хэхам деж къыщыззэтеувыIэри жиIащ:

- Оборудованэр яГъуэму щIадзэн хуейщ, ауэ ар иджыри кърашэлIакъым.

- Хэт оборудованэр хъэшэныр зи пщэ иIыпIэ? - щIоупщIэ Шубниковыр.

- Сэращ, - жеIэри къотэдж гупым ящIыщ зы, - оборудованэр къыщIэдмышар пэшыр хьэзыр ящIакъыми аращ. Абы иджыри лэчыр щахуэжакъым.

- Абы иджыпсту лэч щыщIахуэн щIэхъым, - идакъым Шубниковым, - Iэмэпсымэхэр щагъэзыкIэ блынхэр якуэтэнущ, гъущI гуэркэри зэпагъэвэн хуейщ. Абы иужькIэ лэчым щыщу зыри кьэнэжыныкъым.

- Абы дэ ди Iуэху хэлъхъым. Оборудованэр хъэтшэнукъым, пэшыр лэн ямыуэхащ.

Абдежым Королёв и макъыр кьэIуащ:

- Пэшыр ямыгъэну Iэмал щымыIэр сыт

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Зэпэшэчауэ ягъэхьэзыр

Бюджетым и хэщІыныгъэхэр ягъэмэщІэнущ

● Къулыкъущ Іэхэр

«Къытпэщыт илъэсищым тещІыхьа бюджетым и проектыр хуабжьу зэпэшэчауэ ягъэхьэзыр», - щыжиІащ Медведев Дмитрий иджыблагъэ абы теухуауэ екІуэкІа зэІущІэм.

- КЪЭХЪУНКІЭ хъунухэм дыхуэхьэзырын хуейщ. ЩІыдагъэм и уасэр зэрехухэм, экономикэ зыужьыныгъэм жагъуи къызэрищтам кІыхьыжьащ санкцэхэри. Бюджетым и зэфІэкІкІэр гъунапкъэншэу щыткъым, - щІигъужащ Правительствэм и Унафэщ Іым.

ФинансхэмкІэ министерствэм кьегъэуп къэрал аппаратыр зехьэным трагъэкІуадэм зыкъомкІэ кІэрагъэхуну, илъэсым и пэщІадзэм зэрыжаІам хуэдэу къулыкъущІэхэм я бжыгъэр проценти 10-кІэ ягъэмэщІэну. Къанэхэм ящыщ Іыхьэм лэжьыгъэкІэ автомобили шофери яІэнукъым. Апхуэдэу кІэлъыплъынущ аэропортхэм я бизнес-пэшхэр, къэхъулъатэхэм я бизнес-классхэр къыхэзрагъэсэбэпым. Языныкъуэ льготэхэм кІэ ягъуэтынущ: медицинэ, социальнэ страховани лейм, псэупІэ къращхун папщІэ ират субсидиехэм. Къэрал къулыкъущІэхэр папщІэкІынкІэ хъунущ отпуск кІыхьхэми. Мы зэманым унафэщІ къулыкъущІэхэр хуитщ махуэ 45-кІэ загъэпсэхуну, къыхэзрыгэкІ къулыкъущІэхэр махуэ 40-кІэ.

КРИВЯКИНЭ Еленэ.
«Комсомольская правда»

● Ар зэрыщытар

Апхуэдэ Іэщэ диІэу ящІакъым

Пауэрс Фрэнсис СССР-м къэлэтат зэрэпщ хьэфэ къхуэафэжьей зэкІуэщІыпхьа и бгым щІэлъу, пащтыкІ дыщэ ахъшэ жьгъейуэ жьгъейхэр иІыгъыу.

- «Комсомольская правда» газетым и «Красная звезда» гуэдзэным и лэжьакІуэхэр щыІащ ди къэралым и щыгъуэ зыхъумэ къэрухэм я къудамэхэм ящыщ зым. Аращ илъэс 55-рэ и пэкІэ американ шпионыр зэрыса U-2-р къезыудыхар.

Дивизионым уКІуэну гуГъуц. Ар щІэзэпщІыщ урал мэзхэм я ІувыпІэм. Хабзэхъумэ гъуэщахэри ирихьэлІэнукъым. 1960 гъэм накъыгъэм и 1-м абы и залІхэм мыбдеж къыщраудыхащ Пауэрс Фрэнсис и кьхъулъатэ-шпионыр.

КъехъулІакъым

1960 гъэм и накъыгъэм Свердловск областым къыщыхъуар киноСенарийм апхуэдизкІэ ещхьти, голливуд режиссер щІэрыІуэ Спилберг Стивен, уеблэмэ, фильм игъэувыну уехьжат.

ЯпэщІыкІэ псори мамырт. Махуэр дыгъэпст. ЦІыху минхэр Свердловск (иджы Екатеринбург) и кум щызэхуэсат гуфІэгъуэ пэкІм хэтыну. Абыхэм, дауи, я пщІыхьэпІэ кьыхэхуэрэтэкъым кьалэм и щыгум зыпэмыплъа Іуэхуэр щекІуэкІыну.

- Москва зэманымкІэ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 30-м Таджик ССР-м и ипщэкъуэкІыпІэ лъэныкъуэм пэгъунэгъуу Совет Союзым и щІыналъэм къыщыхьащІхьащ американ шпион Пауэрс Фрэнсис зэригъакІуэ U-2 кхъухьлъатэр, - кьыджеІэ **Аскаров Радик** - ПВО-м и дивизионым и унафэщІым зауэлІхэм ядэлэжьэныкмкІэ и кьуэдзэм. - Кхъухьлъатэр метр мин 20 и лъагагъуэ кьакІуэрт. Абы и мурадт Афганистан - Арал тенджызь - Свердловск - Киров - Архангельск - Мурманск хьэуа гъуэгур зэпиупщІу, Норвегием щыІэ Буде базэм щетысэхьыжну.

Зэмыджа хьэщІэм зэуэ гу лъатащ. АрщхьэкІэ занщІэу къраудыхьыфакъым. Американым Іэзэу къигъэсэбэпырт ди сует истребителхэр апхуэдизт лъагагъкІэ зэрыдэмыкІуеифыр. Апхуэдэу щыхъум, кхъухьлъатэм ракетэхэмкІэ еуэу щІадзащ. Зыр техуащ.

«ДыпЪэІэсыфын хуэдэу ди деж кьэблэгъа иужь дутІыпща ракетэм кхъухьлъатэр икъутащ, - итщ а зэманым расчетым и унафэщІу щыта **Воронов Михаил** ита рапортым. - ИужькІэ Іэмэпсымэхэм кьаГъэлъэгъащ къутахуэхэр кьыззорехуэхьр, зыкъызыдза кхъухьлъатэзэхуэр парашютКІэ кьыззорехьр».

Шпионыр кьаубыдащ Поварня къуажэм (Свердловск километр 24-кІэ пэгъунэгъущ) щыпсэухэм. Ар япэщІыкІэ совет пилоту ягугъащ, уеблэмэ, дэІэпыкъуащ.

«Кхъухьлъатэзехуэм щыгъ комбинезон пІащІэ, и нэкІум ІупЪ зэрыбауэ Іупхьэ, 1960 гъэм и накъыгъэм жиІауэ щытащ совхозым и шофер **Сурин Владимир**. - Дэ дыдэІэпыкъуащ парашютыр игъэтІысыныкмкІэ, Іэлъэхэр кьыІэрытхащ. Зэуэ гу лъытащ: хьэрфхэр нэгъуэщІ къэралыбзэхэм ящыщт. Апхуэдэу къэтлъэгъуащ кІэрахъуэ зэрыкІэрыщІар. Зыми зыри жыгІакъым. ПарашютКІэ кьехари щымт. Черемисин Толэ абы и кІэрахъуэр и бгым къыкІэритІэтыкІащ. И Іэблэхэр дубыдри, лІы мыцІыхур машинэмкІэ тшащ. Сэ къэслъэгъуащ абы и комбинезоным и жып цІыкІум сэ кьызэрпиІкІыр. Асабиным зэуэ сэр кьыщтащ. Мыдрейм зы псалъэ кьыжьэдэкІыжьащ. Машинэм ІэпэтэрмэшкІэ кьыщыдгуригъэІуащ: «Псы сефэну сыхуейщІ» Ялуэ дызыхуэза унэм и дежь дыкъэзыІэри, цІыхубзым псы стэкан кьыхуэцІихащ».

ИужькІэ КГБ-м и лэжьакІуэхэр кьакІуэри, ар Москва яшащ. КІэрахъуэмрэ сэмрэ нэмыщІ абы къыкІэрагъэщтащ зэрэпщ хьэфэ кьхъуафэжьей зэкІуэцІыпхьа, компас, пащтыкІ дыщэ ахъшэ жьгъейуэ 48-рэ, дыщэ сыхьэтитІ, дыщэ Іэлъыных. Апхуэдэу щхъуэ зэрыт мастэ. ЖытІэнщи, ижькрейр абы къигъэсэбэпакъым.

Пауэрс Фрэнсис и кхъухьлъатэр сурэт зэрыгтрах Іэмэпсымэ лъэщ дыдэхэмкІэ зэщІэхуэздат. Метр минипщІ и лъагагъуэ абы сурэт трихьфырт гъущІ Іунащхьэм, метр мин 15 и лъагагъмэ, паркым ис цыхуэм иІыгъ газэтми и цІэр, метр мин 20-кІэ зиІэтмэ, илъагурт уэсым хэту кІуа цІыхуэм къигъэна лъакъуампІэхэр.

Зыпэмыплъа дыдэт

Дыдэщыа цІыкІпІэм уцпрохьэлІэ илъэс 55-рэ и пэкІэ Воронов Михаил и гупым зэрихьа лЫгъэр уигу къэзыгъэкІыж куэдым.

1960 гъэм шпионыр кьраудыхащ ягъэІэпэхуэ С-75 зенит-ракетэ комплексымкІэ. Апхуэдэ Іэщэ диІэу ящІамэ, ахэр тегушхуэнутэкъым U-2 ди деж кьагъэкІуэну. АрщхьэкІэ С-75 иджы мыбы щыбгъуэтыжьынукъым.

- Ахэр иджы кьагъэсэбэпыжырыкъым - С-300 ПС-хэм зэрахъуэкІащ, - кьыдигъегъаІуэ Курыт дзэ округым и зенит-ракетэ дивизионым и унафэщІ **Халаев Андрей**. - Иужьрейхэр куэдкІэ нэхъ лъэщщ.

Зи гугъу тщІы Іэщэхэр тлъагъуа иужь, шэч гуэри кьытетхъэжакъым иджыдейрэ Пауэрс Фрэнсис гуэр мы зэманым Уралым къыщхьэщыкъэмэ, ар куэдрэ уэгум зэримытынум. АрщхьэкІэ дивизионым и унафэщІхэм кьытхуадакъым: ар кьраудыхынущ ди къэралым и гъунапкъэр къызэрызэпиупщІу.

U-2-мкІэ дгъэзэжьынщи, кхъухьлъатэзехуэр зэрыс шэнтжьейм лагъым щІэлъу кьыщІэкІащ. Ар кьэуэнут абы исым катапультэм зэрытрикъуэзу. Пауэрс ар ищІэртэкъым. Ар жраІа иужь, абы занщІэу жэуап ириту щІидзащ кьыззрепущІ псоми.

СВЕЧКОВ Данил.
«Известия»

● Іулъхьэ

Аргуэру зы

Сом мин 200 Іулъхьэу къыІихыну Ставрополь крайм щаубыдащ щыналъэм псэупІэ-хуэхныгъэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іуэхущ Іапэм и унафэщІ и къуэдзэ Лукин Сергей. Абы пІалъэкІэ и къулыкъур щхьэщахащ.

ЗЭКІЭ Лукиныр хабзэхъумэхэм яІэрыхьакъым. ЩІыналъэм и унафэщІхэм кьулыкъущІэм теухуауэ жаІэр машІэщ.

- Сэ кьызжьэдэкІ сыт хуэдэ псалъэри а цІыхум зэран хуэхъункІэ хъунущ, - щыжиІащ брифингум Ставрополь и правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ Скворцов Юрий. - Конституцэм ипкъ иткІэ судым и закъуэщ ар къуанщэрэ захуэрэ зыгъэбелджылыну хуитщ. Иджыпсту Іуэхур зэхагъэкІ. ЗэкІэ къулыкъущІэр и унэм щІэсыжщ икІи абы зыри паубыдыркъым.

Ставрополым и губернатор Владимиров Владимир жиІащ Іуэхъэ къыІихыу яубыда кьулыкъущІэр уголовнэ Іуэху къызэраІэту и ІэнатІэм зэрыІуагъэкІынур.

«Дэ къулыкъущІэ хьэжьвакъэжьыщхэр зыпыдгъэкІынущ, ахэр хэтми демыплъу. Мыбдежым къыщытхьэнукъым иІыгъ къулыкъур зыхуэдэр», - кьыхигъэщхьэхукІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм.

ЕГОРОВЭ Аннэ, ТОВКАНЕВЭ Маринэ.
«Комсомольская правда»

● Европэ

Мардэрэ чэзурэ

Евросоюзым хэт къэралхэм ящыщ куэдым властыр щаІэщІохьэ Брюссель и тепщэныгъэм мардэ хуагъэуэвыну къззыгъуэ партхэм. Абы гу лъитащ нэмыщ журналист Шюмер Дирк. Мис абы и тхыгъэм щыщ пычыгъэу:

«ИУЖЬ тхьэмахуэхэм щыналъэхэм щекІуэкІа хэхыныгъэ псоми - Инджылызым кьыщыщІдзауэ Польшэм нэс, Италием, псом хуэмыдэу Данием - кьагъэлъэгъуащ я Іуэху еплъыкІэхэр тельыджэу зэрызэтехуэр: цІыхухэм Іэ яІэтащ Евросоюзым и властыр ягъэмэщІэным, нэгъуэщІ къэралхэм зи щхьэр кьыщежьихьэжьауэ кьакІуэхэм я бжыгъэм кІэрагъэхуным, тхыдэм хэгъуэщжауэ кьафІэщІ национализмэм я телъхьэу. Ар фІыми Іейми фегупсис. Мис текІуа политикэм я щІэ-унэщІэхэр: Инджылызыр псоми пІэщІэ ищыну икІи Брюссель и властыр игъэмэщІэну зи мурад Кэмерон Дэвид, зи хэкур фІыщэу зыльагъу, ауэ Европэм дзыхь хуэзымыщІ Дудэ Анджей, куэд пэмыплъауэ Польшэм и Іэтащхьэ хъуар, е мигрантхэр зымыдэ Дание цІыхубэ парт кьыззыгъэпэща Даль Кристиан Тулесен»

Журналистым кьыхегъэщхьэхукІ «Евросоюзым жыжьэ зыхуащІыну дэнэ щІыпІи зэрыщІыхьэкІэр».

ЗАБРОДИНЭ Екатеринэ.
«Российская газета»

КАРПОВ Анатолий:

Си гугъэщ зэгуэр псори и пІэ иувэжыну

● Ди псэлъэгъуэхэр

Дунейм шахматхэмкІэ и чемпионыр топсэлъыхь евроцензурэм, мамырыгъэр зэтезыІыгъэ къарухэм, нэгъуэщІхэми.

Урысеймрэ КъухьэпІэмрэ кІуэ пэтми нэхъ ткІийуэ зэпэщІоувэ. Ди къэралыр ягъэщІэтыфыну пІэрэ къенакъуэкъуэхэм?

- Анатолий, гроссмейстерым и нэхэмкІэ дыгъэлъагъут Урысеймрэ КъухьэпІэмрэ я зэпэщІэтыныгъэр зэщхьыр.

- Ди ныкъуэкъуэгъум и жыджэрагъым тепщІыхьмэ, нобэ ар гамбитым (лъэныкъуитІым я зым адрейм фигурэ ирет джэгур зэщІигъэлъпэн папщІэ - ***Ред.***) ещхьщ, ауэ ди ныкъуэкъуэгъур хуейуэ фэ теткъым фигурэ хигъэкІуэдэну. Гамбитым сыт щыгъуи тКІиягъ пыщІащ. Нобэ сэ солъагъу зэхущытыкІэхэр зэрызэщІелъпэр. Европэр хелъафэ, ауэ США-м зыри фІэкІуэдырыкъым. Американхэм езыхэм я фейдэ зыхэлъ фІэкІа зэи ящІэркъым.

- АтІэ сыт а псоми кърикІуэнкІэ хъунур?

- Шахмат пхъэбгъум зэпэщІытныгъэ нэхъ тКІий дыдэхэри и кІэм щыщыжьыхьыж къоху. Си гугъэщ зэгуэр псори и пІэ иувэжыну.

- Урысей жылагъуэр зэкІэщІгъэкІыну зэрыхущІэкъуар КъухьэпІэм къемыхъулІауэ, ТекІуэныгъэм и махуэм ирагъэкІуэкІа «Полк уэчытыншэ» Іуэхум абы тхыдэм и кьекІуэкІыкІар ящиргъэгъупщэжыну и мурадар къызэпиудауэ жызыІэхэр щыІэщ. Уэри апхуэдэу къэлІытхэрэ?

- Сэ къыщцохьу КъухьэпІэр нэхъри ерыщу кьытпэщІуэвэну. ТекІуэныгъэм и парадым Китайм, Индием, нэгъуэщІ къэралхэм я дзэхэр зэрыхэтар КъухьэпІэм и дежкІэ зыпэмыплъа Іуэху гурымыхьщ. Гитлер и бий коалицэм хэта европейхэмрэ США-мрэ я закъуэщ кьэнар. Ауэ, нэгъуэщІу уеплъмэ, Европэр кьанэ щІагъуэ щымыІэу Гитлер и бжьым щІэтащ. АтІэ, уегупсысмэ, хэт абы Гитлер щыпэщІэтар? Де Голль зи пашэ франджьхэу зи лъэхэм ирахуахэм я закъуэщ. Адрейхэщэ? Ауэ Инджылызымрэ США-мрэ 1941 гъэм кьыщыщІэдзауэ быдзу кьыткъуэтщ. Иджы ахэращ псом япэу кьыдэпщІыжари. Сыт атІэ кьрикІуар? Абыхэм я мурадащ Урысейр и закъуэу кьаГъэнэну, ауэ езыхэрщ зи закъуэу кьэнар.

ЦІыхухэм я жьэхэр ягъэбыдэ

- Зэгуэр уэ бгъэщІэгъуауэ щытащ Европэм цензурэ зэрыщыІэр.

- Европэм ар хуабжьу щыщыхьбощІэ. Сэ сиІэщ зэзгъэпщэн: Европэм сокІуэ 1996 гъэм кьыщыщІэдзауэ. Уеблэмэ, 1968 гъэм Чехословакием кьыщыхъуэхэм яужькІи слъэгъуакъым иджы хуэдэу тКІийуэ политикхэр СМИ-хэм щатегуплІа. Ар и щыхьэтщ европей лъапІэныгъэхэр хэутэн зэращІым.

Сыщыгъуазэщ нэмыщэ журналист щІэрыІуэ Рар Александр (Горбачевэр Путинымрэ, Урысейм ятеуэуа тхыльэ зыбжанэ къыдигъэкІащ) щытыкІэ гугъу зэрихуэм. Абы мы зэманым хуабжьу кьытрахъуэзэ. Сэ ар Москва щекІуэкІыну конференцым кьезгъэблэгъати, кьыкІуакъым: и щхьэусыгъуэр гурыІуэгъэщ. Къурымым референдум щыщкІуэкІа махуэм сэ Си-Эн-Эн-м и хъыбарыщІэхэм телевизоркІэ сыщедэІуащ Франкфурт кьалэм: солъагъу Симферополь и утыкуншхэр. Абы щІыхуэр изщ. Псори мэгуфІэ. ИхъурерягъкІэ сабийхэм щар зэмыфэгъэхуэр щаутІыпщ. Зы зауэлІи яхэткъым, зыми Іэщэ иІыгъкъым. Псоми Іэплъэ зэхуащІ. АрщхьэкІэ я теплъэгъуэм щІэт псалъэхэр сфІэтелыджащ: «Нобэ Къурымым референдум щекІуэкІащ. Автоматхэмрэ топхэмрэ кьыызытрагъэпсэ хьтІыгъм щыпсэуэм Іэ яІатащ ар Украинэм къыхэгъэкІыным и телъхьэу». Теплъэгъуэхэм кьагъэлъэгъуар абы зэремыщхь дыдэр сэ телъыджэ сщыхуащ! ЗэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм ди ныбжьэгъу нэмыщІэхэм ящыкъызоІэ: «Донбасс топхэмкІэ еуэрэщыкъ Украинэм и жылагъэхэм. АрщхьэкІэ мыдрейхэм я деж сымджэщхэмрэ школхэмрэ мафІэм щес. Сыт фэ зыри щІэмылъагъур? Абыхэм фрательхьэу ара?» АрщхьэкІэ зыжеСІэхэр абы тепсэлъыхьыну хуейкъым. Зыри зэхахьныкъым икІи яльэгъунукъым.

Сэ си нэмыщІ ныбжьэгъуэхэр зыхэзоупщІ: «Сыт европей университетхэм антисемитизмэм елэжь кафедрэхэр щыщыІэр, ауэ русофобием и Іуэхуэхэр зезыхуэ щыщыкъмыІэр?» Иджы русофобиер кьэуэкъубеящ.

Псалъэм и хьэтыркІэ, советыдзэхэмрэ американыдзэхэмрэ Эльбэ зэрыщызэІущІэрэ илъэс 70 щрикъуэ махуэм Берлин рейхстагым щІагъэхьакъым ди ветеран гуп - ахэр абы щІихьэну хуит зыщІ тхьылъэ кьахуэмыгъуэтыжу жаІащ. Абы щыгъуэми, нэмыщІ гуп зэмылІэужьыгъуэхэр тынш дыдэу Къэрал Думэм щІохьэ.

- Ахэр хэтащ абы ди байкерхэр, «Жэщ дыгъужьхэр», щІамыгъэхьэну АтІэ ар тельыджэ?

- Байкерхэр нэгъуэщІ Іуэхущ, ажэр политикэ зэгуэхьныгъэу ЕС-м кьыщалъытэ. Мыбдежым ветеранхэр зыхуеяр я дежкІэ лъапІэ махуэр ягу кьагъэкІыжын папщІэ рейхстагым ирикъунырт. А гупым хэтт ар 1945 гъэм кьэзыщтаи...

- Ауэ тхакІуэ-ветеран Гранин Даниил бундестагым ирагъэблэгъащ икІи Іэмал ираташ Ленинград иращІэкІаІуэ щыта блокадэм зы сыхьэт псокІэ тепсэлъыхьыну...

- Ар кьыщыкъуар илъэсрэ ныкъуэрэ ялэкІащ. Абы лъандэрэ нэмыщэ политикэ унафэщІхэм я гупсысэкІэм зиІуэнтІащ. Зы щапхэ: сэ абыхэм я ТВ-м сыщрагъэблагъэкІэ кьыхьэолъхьэ: «Шахматхэм я мыхьэ, политикэми сытеегъэпсэлъыхьыну». Ядэркъым: «Дэ тКІийуэ кьытхуагъэуващ уэ политикэм утедмыгъэпсэлъыхьыну». Абыхэм кьагуроІуэ сэ эфирым щыжысІэнур...

Мурад бзаджэхэр

- Уэ кьыщІыпытэрэ зиІуэн кьыгурыІуэжу. Европэм урысхэм кьатрикъуэзу? Хьэмэрэ абы «вашингтон обкомым» и унафэр игъэзащІэу ара?

- Ахэр кьызытеуплІэр Путинырщ, армыхъумэ, Урысейракъым: кьагуроІуэ къэрал псор лъагъуэжьмыщхьэу бгъэувыну зэрыгугъу дыдэр. Ауэ зы цІыхум пцІы теплъхьэну, ар нэхъ кьарууншэ пщІыну нэхъ тыншщ. Урысхэм я бий политикэр Путиным и бий политикэм и ужь итщ. Уеблэмэ, ирагъэлеищэ хъуащ. Я мурадыр зрагъэхуІэн папщІэ, нэхъ Іэмал фІей дыдэхэри кьагъэсэбэп.

- Украинэм кьыхуреджэ «каскэ щІыхухэр» Донбассым кьагъэкІуэну. Ауэ ООН-м и дзэхэм ипжьыпІэкІэ мамырыгъэр щызэфІагъэувэжьфрэ лъэныкъуэхэр щызэпэщІэувэ щІыпІэхэм?

- Псалъэм и хьэтыркІэ, «каскэ щІыхухэм» 1974 гъэм Кипрыр тырку, алыдж щІынальэхэу ягуэщащ. Ауэ абы щыгъуэм лъэныкъуитІри арэзыт мамырыгъэр зэтезыІыгъэ къарухэр ХЪТЫГУМ ягъэкІуэну. ООН-м и дзэхэм ягъэувыІащ сербхэмрэ хорватхэмрэ яку кьыдэхъуауэ щыта зауэр. НэгъуэщІ щапхъэфІхэр, зызымысыжьынщи, щыІауэ сщІэркъым. «Каскэ щІыху» - щщхьэрыгъ цІыху куэд щыхэкІуэда щІыпІэхэр гъунэжщ...

Сэ сфІэтелыджащ мыр. 1945 гъэм Сталин, Рузвельт, Черчилль сынэ ЯлтэщІэзгурыІуащ зытепсэлъыхьа Іуэху псомкІи. Абы щыгъуэми, яку дэлъ лъэпощхьэпохэр куэдкІэ нэхъыбащ. АтІэ иджы щхьэ зэгурымыІуэфрэ?

КОЖЕМЯКИН Владимир.
«Аргументы и факты»

● Хэхыныгъэхэр

Бжьыхьэр зи плъапІэхэр

ФедерацэмкІэ Советым Конституцэ зыхуигъэзащ 2016 гъэм и дыгъэгъазэм кърахыу Къэрал Думэм щыхахыну зэманыр а илъэсым и фокІадэм къагъэІэпхъуэныр хабзэм къезэгърэ къемызэгърэ къагуригъэІуэну елъэІуу, Абы щыгъуэми, Къэрал Думэм Конституцэ законодательствэмрэ къэрал хуэныгъэмкІэ и комитетым палатэм чэнджэщ иритащ хэхыныгъэхэр къэгъэІэпхъуэнымкІэ хабзэгъэув проектыр етІуанэ ещанэгъэкІэ къищтэну. Депутатхэр а Іуэхум хэпльэнущ бадзэуэгъуэм и 3-м.

ПРОЕКТЫР ятеджэгъуэм пхрыкІауэ зэрыщытам хуэдэу зыхэнэжьну къыщІэкІынущ - абы зэхъуэкІыныгъэшхуэ гуэри халъхьэнукъым. Комитетыр арэзы теухуакъым КПРФ-мрэ ЛДПР-мрэ кьыхуагъэлъагъуэ зэгъэззэхуэжьныгъэхэм.

Ятеджэгъуэжьныгъэхэр хуэгъэзат хэхыныгъэхэр 2016 гъэм и фокІадэм и ещанэ тхьэмахуэр мыхъуу, нэгъуэщІ махуэ гуэрхэм трагъэхуэным. Хабзэгъэуп проектыр пхыкІыным зэран зэрыхуэмыхъуфынур кьызыгурыІуэ коммунистхэм кьыхалъхьат 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м, тхьэмахуэм, Іэ ирагъэІэтыну. ЛДПР-м щыщхэм зэуэ махуитІ кьагъэлъэгъуащ - фокІадэм и ятеп тхьэмахуэ махуэмрэ мэлыжьыхьым и нужьрей блыщхьэмрэ. А жэрдэмхэр комитетым диІыгъакъым.

Апхуэдэу ар арэзы техъуакъым Къэрал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэмыуха депутатхэм ялъымыса улахуэхэр ирамытыжыну ЛДПР-м кьыхилъхьами. Комитетым и унафэщІ, «Урысей зэкъуэтым» щыщ Плигин Владимир жиІащ лэжьэн щызыгъэтахэм сыт щыгъуи ахъшэ пыуХЫКІахэр зэрыратыр. Апхуэдэ улахуэхэр псори зэхэту сом мелуан 714-м ноблагъэ.

Абы щыгъуэми, Федерацэмкі Советым Конституцэ судым зыхуигъэзащ хэхыныгъэхэм я пІалъэр къызэрагъэІэпэхъуэр Хабзэ Нэхъыщхьэм езэгъэрэ емызэгъэ зэхигъэкІыну елъэІуу. Къэрал Думэм и депутатхэми апхуэдэ Іуэху кьаІэтыну я мурадащ. АрщхьэкІэ палатитІым я унафэщІхэми кьалъытащ ФедерацэмкІэ Советым а кьалэныр и пщэ дильхьэжмэ нэхъ тэмэму: сенаторхэр хахыркъым, ягъэуву аращ. Къэрал Думэм хэхыныгъэхэр гъэІэпэхъуэным зэрыбгъэдыхьэр щыІэтехуэркъым: КПРФ-м нэхъапэми хуэдэу ар идэркъым, адрей фракцищыр - «Урысей зэкъуэтым», «Захуагъэ здэщІэ Урысейм», ЛДПР-м я фракцхэр арэзыщ. Ищхьэ палатэм и Конституцэ комитетым и унафэщІ Климшак Андрей ягу кьигъэкІыжащ Конституцэм зыхуэзыгъаэз псоми я Іуэху еплъыкІэхэр зэтехуэу щытын зэрыхуейр. Абы кьыхэкІыу Къэрал Думэм хэтхэм я сэбэп зыхэлъхэр зэпэщІэуэнкІэ хъунут.

Конституцэм и жэуапыр кьаІэрыхьа ижь, ар зыхуэдэм сенаторхэр щыгъуазэ ящІын хуейщ ФедерацэмкІэ Советым и ятеп зи чэзу зэІущІэм.

ПЕТРОВ Виталий.
«Российская газета»

● Іуэху еплъыкІэ

Пщалъэ нэхъыщхьэр

УФ-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэм жиІащ мылъку зэрилъфалІэу кьаумыс губернаторхэр я кьулыкъым трагъэкІыну.

«ПРЕЗИДЕНТЫМ дзыхь зэрыхуимыщІыжьым щхьэкІэ зи кьулыкъым трагъэкІэр кьохьу. Тхьэгурымагъуэу сыщытыну сыхуейкъым, ауэ апхуэдэхэр дяпэкІи къэхъуну хузогъэфащэ», - жиІащ Иванов Сергей, ауэ щІигъужащ «нэфыщІыщхьэрыуэу зэремыщэкІуэнур». ЗэкІэ ящІэжьхэмкІэ дзыхьыр яфІэкІуэдащ губернатор 7-м. Новосибирск, Брянск областхэм я губернаторхэу Юрченкэрэ Денинрэ дагъуэ хуащІащ илэ ита илъэсым хэхъуэу яІэрыхьар зыхуэдизыр декларацэхэм пэжу кьызэрыщымыгъэпъэгъуар. Я Іэныкъуэхэр пэмыплъэу трагъэкІыну лъэІуащ, Тулэ областым и губернатор Дудкэ 2011 гъэм ищІам хуэдэу. Ауэ абы ар уголовнэ Іуэхум кьригъэлакъым икІи илъэси 9,5-рэ трилъхьэри ягъэтІысащ. Волгоград областым и губернатор Боженовыр ягъэтІысакъым: текІыну лъэІу тхыльэ ирагъэтхри, абыкІэ зэфІагъэкІащ. Куэд кьыбжьиІэ хуэдэщ Іулъхьэ кьыІихауэ сахалин губернатор Хорошавиныр зэрауфыдам. Илэкіэ абы кьэпщытэныгъэ псори зыщхьэщыхьырт. Ауэ сыт зыхуІэкъур Москва?

Федерацэм и центрым и Іуэхум хуагъэзащэу лъэбакъэ гуэрхэр ичын хуейм мэхъу: я Іапэхэр хуагъэдалъэу, ялыныкъуэхэм деж Іэштымкі стІолхэм теуэу, нэгъуэщІ жыпІэмэ, губернатор гуэрхэр игъэтІысурэ, «маски-шоу»-хэр» кьызэригъэпэщу. Арыншауэ жылагъуэр пхуэгъэсабырынукъым, коррупцэм упэщІэт хуэдэу кьащыбгъэхъуфынукъым. Ауэ, сэ сызэрелъымкІэ, мы зэманым центрым хузэфІэкІынукъым екІурабгъу зимыІэ бэнэныгъэ Іулъхьэм ирищэкІын. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, властым и партиер езыр зэбэнжьафыщукъым. ЩІынальэ унафэщІхэм ятегуплІэс

● Театр

«Ди мэзым къыщыхъуар»

Щэбэт кIуам Ныбжьыщ1эхэм я театрым (ТЮЗ) Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуап1эм (Налшык къалэ) утыку къыщрихьащ Шурышкинэ Татьянэ и таурыхъым къытращыкIа «Ди мэзым къыщыхъуар» спектаклыщ1эр. ТЮЗ-м и унафэщ1 Нало Аскэр къыззыриджи1амкIэ, ар траухуащ театрыр къызэрыкъзрагъэпэщ1ри мы гъэм илъэсищ зэрырикъуам. Спектаклым актеру 7 щ1ыдзэгу, апхуэдэуи къыхэгъащ1ыпхъэщ абы роль нэхъыщ1ыкIэр лэжьыгъэр зи Iэдакъэщ1экI Шурышкинэ Татьянэ езым зэрыщигъэзащ1эр.

ФIыМРЭ Iеймрэ щ1ызэпэщ1эт, мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ нэхъыщхьэ дунейм щ1ымы1эу къыджезыIэ спектаклыр зэ еплъыгъуэкIэ дызэса, дыщысабийм мымащ1эрэ дызыщ1езджыкIыу щыта таурыхъэхэм хуэдэщ. Арщхьэкlэ нэхъ куууэ уигъэгупсыса нэужь, абы и щхьэхуэныгъэ гуэрхэм, гъащ1эм пыщ1эныгъэшхуэ зэрыхуиIэм гу лъыботэ.

Псысэм и фIэщыгъэм къызэрыджи1эщи, Iуэхур щекIуэкIыр мэзырщ. Зигу фIы къэмыкIа, ауэ икIи щ1ыхуIейуэ пхужьмы1эну фызыжьым, «Финтиклюшка»-кIэ зэдджэм, зэманыр къыпызыбжыкI сыхьэт стрелкэхэр «зэщегъэхьэ», и гъащ1эр ямыгъакIуэу ахэр къигъэувы1эну гугъэу. Нэгъуэщ1 куалэни ехъ фызыжьым: щ1ыхуу, псэущхьэу хъуам я зэхуаку къаугъэ къыдегъахьуэ. Спектаклым еплъхэми гу зэрыльатащи, апхуэдэ хьэл мыхъумыщ1э зи1э куэдым, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъащ1эми дащ1ыхуоз. Арщхьэкlэ псысэр зи Iэдакъэщ1экIым лэжьыгъэр нэхъ щ1ыкIу дыдзэкъм эрахуитхар къильытэри, лъагъуэ дахэкIэ ныбжьэгъугъэм нэхъ лъапIэ зэрыщ1ымы1эм дыхуишэкащ, Финтиклюшкэ и нэпсеягъэми ар текIуащ. Щ1ыкIуэхэм зэхахащ «тIыкъ-тIыкъ» жи1эу сыхьэтыр зэрежьэжари...

Спектаклым кърашэлIащ унагъуэ хуэмыщ1ахэм щ1ыщ сабийхэри, интернатхэм щапI ныбжьыщ1э щ1ыкIухэри. Апхуэдэуи абы еплъыну къыщ1ыхьат блэкIрэ пэт спектаклр екIуэкIыу зэхэзыха адэ-анэхэмрэ я бынхэмрэ.

Щэч хэлъкъым Ныбжьыщ1эхэм я театрым и актерхэм я джэгукIэр абыхэм ягу зэрыдыхьар. Нало Аскэр къыззыкурагъэщащи, ахэр дяпэкIи лэжьэнущ ягурэ я псэрэ Iуэхум халъхьэу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пашэр къыхощхьэхукI

● Футбол

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщ1ыхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр хуабжьу гуащ1эщ. Ялп кьекIуэкIыгъуэр и кIэм нэблагъами, пашэныгъэр зыуБыда командыщыр иджыри къэс зыр адрейм зыкъыкIэримыгъэхуну хущ1окъу.

ЩЭБЭТ кIуамрэ тхъэмахуэмрэ екIуэкIа зэIущ1эхэм «Къэхъуным» и пашэныгъэр зы мащ1экIэ нэхъ Iупщ1 ищ1ащ. Абы и стадионым бжьыгъэщхьэкIэ щ1ыхигъэщ1ащ Шэрэдж Ищхьэрэ и «Къэбэрдейр».

Къэхъундэсхэм иужьрей зэманым «я кIапэм теса» «ЛогоВАЗ»-р Налшык и «Союз»-м кьригъэкIуэтэхащ. Бабугентдэсхэм а зэIущ1эр фIахьэхуным зы мащ1эщ иIэжар, арщхьэкIэ 90-нэ дакъикъэм пенальти еуэну Iэмал къэхъукIыр, бжьыгъэ зэхуэдэ я щ1ыжащ.

ЕтIуанэ увыпIэм дэкIуэтеину Iэмал иIащ «Автозапчасть»-м. Арщхьэкlэ «ЛогоВАЗ»-м щ1ыщ1ам къэхъуа зэхэзыхьэрийм кьыхэкIыу зэкIэ я стадионым щ1ыджэгуну хуимыт бахъсэндэсхэр «Шэджэм-2»-м пэлъэщ1акъым.

Республикэм и нэгъабэрей чемпион «Кэнжэр» мы гъэм абы щ1эбэныжыну кьыщ1экIынкъым. Иджырей зэхьэзэхуэм и пэщ1ащэм кэнжэдэсхэм очко куэдыIуэ щагъэкIуэдащ. Мис аргуэри блэкIа джэгугъуэм ахэр я стадионым щ1ипэлъэщ1акъым Шэджэм икIа «Щтаучым».

Ижь увыпIэм щ1ыт командитIым я зэIущ1э Псынэдахэ щекIуэкIащ. Абы щ1ытекIуэри хэгъэрейхэр «Псыгуэнсум» пльэщ1ыхьэжащ.

КIуэ пэтми нэхъ узы1эпешэ гъащ1ауэзхэм я зэпеуэм. Джэгугъуэ кIуам Шащ1э Бесльэн («Къэхъун») «Автозапчасть»-м и пашэ Хьэбылэ Алим ГъунэгъУ дыдэ зыхуищ1ащ.

Адэкlэ щыгъуаззэ фыхуэтщ1ынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командхэм иужьу ирагъэкIуэкIа джэгугъуэм кьрикIуа бжьгъэхэм: **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **1:1**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Щтауч»** (Шэджэм) - **3:3**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **7:1**, **«Союз»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:2**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Бедик»** (Аргудан) - **1:0**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **1:3**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **4:1**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **4:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым и гуп нэхъыщхьэм мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и ялп къекIуэкIыгъуэр иухыныщ. Абы щ1ызэхуэзнущ: *мэкъуауэгъуэм и 4-м* - «Щтауч» - «Автозапчасть», «Къэбэрдей» - «Велес», «Бедик» - «Родник», «Шэджэм-2» - «Тэрч»; *мэкъуауэгъуэм и 5-м* - «Бахъсэн» - «Къэхъун», «Псыгуэнсу» - «Кэнжэ», «Спартак-Д»- «Союз», «ЛогоВАЗ» - «Нарт» командхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщ1ыхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Къэхъун»**	14	11	3	0	57-12	36
2. **«ЛогоВАЗ»**	14	10	4	0	56-22	34
3. **«Автозапчасть»**	14	10	3	1	58-21	33
4. «Кэнжэ»	14	8	2	4	45-36	26
5. «Союз»	14	8	2	4	39-25	26
6. «Нарт»	14	8	1	5	39-28	25
7. «Бахъсэн»	14	6	2	6	21-34	20
8. «Къэбэрдей»	14	5	4	5	29-34	19
9. «Спартак-Д»	14	6	0	8	33-28	18
10. «Бедик»	14	5	2	7	22-25	17
11. «Велес»	14	5	1	8	32-52	16
12. «Тэрч»	14	5	0	9	29-46	15
13. «Шэджэм-2»	14	4	2	8	23-37	14
14. **«Щтауч»**	13	2	2	9	26-45	8
15. **«Псыгуэнсу»**	13	2	0	11	14-44	6
16. **«Родник»**	14	2	0	12	34-68	6

● Хъуэхъу

Бэлагъы Мусэ Кьынэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъури, дохъуэхъу

Бэлагъы Мусэ 1940 гъэм Къармэхьэблэ къуажэм къыщ1алъхуащ. Зэрыжа1эщи, «зауэм и бынхэм» хиубыдащ икIи гугъу ехьащ. Щколыр кьиуха нэужь, 1960 гъэм ар Налшык дэт политехническэ техникумым и автоматикэ, телемеханикэ къудамэм щ1эт1ысхьащ. Техникумыр кьиухри, Налшык и Электровакуум заводым лэжьэн щ1ищ1ащ. 1965 гъэм абы и щ1эр тратхащ «Щ1ыхь пхъэбгъум», иужькIэ къыхуагъэфэщащ «И лэжьыгъэфIым папщIэ» медальр. Сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэ щIалэр 1975 гъэм КПСС-м хагъэхьащ, цIыхубэ дружинэм и унафэщI ящIащ. Ар абы тэмэму зэригъэзэщIам и щ1ыхьэт СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «Жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ лэжьыгъэфI дыдэ зэриIэм папщIэ» и медальр къызэрыратар. ЩIэныгъэм адэкIи пищ1у, Стандартизацэмрэ метрологиемкIэ институтым Ленинград къыщ1ихуа нэужь, Мусэ Электровакуум заводым электротеплотехникэ къэпщ1ынигъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуващ икIи и ныбжь нэсу зигъэпсэхуну тIысыжьыу (лЭщIыгъуэ ныкъуэкIэ) абы щ1ылэжьащ. Бэлагъы Мусэ «КъБАССР-м Iэмэпсымэ щ1ынымкIэ щ1ыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр кьыфIащащ, ДНД-м и лэжьыгъэм жьджэру зэрыхэтам папщIэ СССР-м и МВД-м и Щ1ыхь тхылъ кьратащ. КъыкIэлъыкIуэу, 1988 гъэм, абы кьыфIащащ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ лъапIэр.

ПщIэ зыхуэтщI нэхъыжьыфIым, адэм, адэшхуэм уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу. Уи жьэгур уардэгунэу, уи Iэнэгум берычэтыр щытепщ1эу, уузынщ1эу, гъащIэм и Iэфыгъэ псори зыхэпщIэу упсэну, куэдрэ ди япэ уитыну ди гуапэщи, илъэс 75-р щыбгъэльапIэ нэщI мазэшхуэм Алыхьыр фIыгъуэу щыIэмкIэ къыпхуэупсэну ди гуапэщ!

Уи къуэмрэ уи нысэмрэ, уи пхъумрэ уи малъхъэмрэ, уи къуэрылъху-пхъурылъхуитхур, абыхэм къатепщIыкIыжа цIыкIуитIыр, уи къуэш нэхъыжьым ипхъу Любэ, Iыхьлыхьэмрэ благъэхэмрэ.

● Дэ кьытхуатх

Еш ищIэркъым

Зи Iэщ1агъэм хуэIэижьым, зи лэжьыгъэм гукIи псэкIи бгъэдэтым ар адрейхэм ефIэкIыну зыгъэзащ1эм хужаIэ - «къызыхуигъэщIар араш». Апхуэдэ лэжьакIуэфIхэм ящыщщ Тыжьей (Кишпек) къуажэм дэт курыт школым и пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэ Балъкъэр Татьянэ Болэт и пхъур.



Балъкъэр Татьянэ

АР БАХЪСЭН районым хыхьэ Куба къуажэм къыщ1ащ1ахуащ. Ялп классхэм щегъэжьауэ еджэным фIыуэ хэзагъэрти, еянэ классыр екъуIэныгъэ иIэу кьиуха нэужь, къыхихыну Iэщ1агъэм куэдрэ егупсысакъым - зэрыщ1ыкIуэрэ екъуапсэрт егъэджакIэу Iэщ1агъэм. Налшык къалэ дэт педучилищэм щ1эт1ысхьэри, нэхъыфIхэм хабжэу кьиухащ икIи 1980 гъэм пэжьэн щ1идзащ.

Татьянэ и Iэщ1агъэм хуэпэжу зэрылажьэрэ мы гъэм илъэс 35-рэ ирикъуащ. А зэманым кьриубыдэу класси 9 кьыщ1игъэкIащ.

ЕгъэджакIуэу улэжьэфынукъым сабийхэр фIы дыдэу умыл1ъагъуу. Татьянэ сыт хуэдиз сабий иригъэжами, езым и бын дыдэм хуэдэу хущ1тщ. Ныбжьыщ1эм и къэкIуэгъэ зэлъытар и ялп егъэджакIуэращ. Ар фIыуэ кьыгуроIуэ Балъкъэрым икIи, щ1эныгъэм и мызакъуэу, хабзэ, нэмыс яхэлъу щ1ыкIуэхэр къэгъэтэджыным йолэжь. Абы иригъаджэхэр районми республикэми щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтщ, пашэ щ1ыхьуу.

Еш имыщ1эу зи зэфIэкIым зезыгъэужь, ищ1эмкIэ сыт щыгъуи къыбдэгъэшэф, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщ1эзыгъакъуэ егъэджакIуэр и лэжьэгъуэми и къуажэгъуэми фIыуэ къалъагъу.

ТЕКIУЖЬ Миланэ,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым Адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и 3-нэ курсым щеджэ.

БгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ищ»-гупым 2015-2016 гъэхэм щы1эну зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм тхьэмахуитI хъуауэ зыхуагъэзыхьэщ. Зыгъэсэныгъэхэм къыдэкIуэу абыхэм вэсэмахуэ зэныбжьэгъугъэ зэIущ1э Владикавказ къалэм щрагъэкIуэкIащ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Алания»-мрэ мы гъэми зэгъусэу етIуанэ дивизионым и «Ищ»- гупым хэтыщ1у. Абы щыгъуэми, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я командэ нэхъыщхьэхэм я зэхэгъэувэкIэр жыжьэуи зэтехуэркъым. Ар иджыри зэ наIуэ къытщ1ищIащ вэсэмахуэ абыхэм зэдрагъэкIуэкIа зэныбжьэгъугъэ зэIущ1эм. Ди гъунэгъуэм ихэту джэгуп1э губгъуэм къыхьар а щ1ыпIэм къыщ1ащ1ахуа защ1эщ. Феплъыт фэри: «Алания» (Владикавказ) - Хайманов, Кайтов, Плиев, Маргиев, Дойати, Туаев, Джиоев, Качмазов, Закаев, Базаев, Бутуев. Дыдейхэр-щэ? Зэвгъапщэт - Антипов, Каркаев, Дашаев, Алаев, Гъурф, Кузнецов, Багъэтыр, Мэкъуауэ, Гугуев. Зэрынэрылъагъуэри, зэщ1ъэщ1ыкIыныгъэр ин дыдэщ икIи ди сэбэп зыхэмыл1ъщ.

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Биджиев Хьэсэнбий мы гъэми тегъэщ1ап1э ищ1ынур хэтщ1ыпхъэ. Абы къикIахэр зэрыларам шэч къыщ1ытепхьэщэн щ1ыпэкъым. Абы щыгъуэми ди командэр увыпIэ лъагэхэм щ1эбэныну къым, адэкIэ зэрыкIэятэн мылъку зэримы1эм къыхэкIы. Аращи, гурыIуэгъуэкIым нэгъуэщ1 щ1ыпIэ кьраша футболист къыззыригъэкIэхэм ди щ1алэхэм я пIэр щ1ауфыдыр.

Владикавказ щекIуэкIа зэныбжьэгъугъэ зэIущ1эм и гугъу пщ1ымэ, ар зэрытемыгъэкIуэу, 0:0-у, иухащ.

Ди щ1алэхэм адэкIи зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзырынущ. Жагъуэ зэрыхъущи, Гъэщокъуэ Арсенрэ Дыщэкl Аслъэнрэ яужь иту «Спартак-Налшыкым» хэкIыжащ «Ангушт»-м зыгъэзэжа КIыщ Залым. Зэкlэ гурыIуэгъуэкъым Къуэн зэкъуэшхэм (Заурбэчрэ Аслъэнбэчрэ) я Iуэхур зэрыхъунури.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ЩIалэгъуалэм узыншагъэр къыхах

● ПэкIуэхэр

«Лирика»-м пэщIэтыным и махуэ» кавказпсо Iуэхум хиубыдэу «Кавказыр наркоманием и бийщ» къыхуеджэныгъэм щIэт Iуэхугъуэ Налшык къалэм ХьэтIо-хъущокъуэм и жыг хадэ зыгъэпсэхупIэм щекIуэкIащ.

«АПТЕКЭ наркоманием» и бийуэ апхуэдэ пэкIуэкIэр зэхьыхьэхэмрэ Кавказ Ищхьэрэ щ1ыналъэм и хэгъэгухэм щекIуэкIащ. Мэхьэчкьалэ, Грознэ, Магас, Владикавказ, Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ, Ставрополь, нэгъуэщ1 къалэхэм щ1ипсэухэм ягъэIуащ къэкIуэнур зей щ1эблэм я узыншагъэм зэран хуэхьу а щ1ухъхьым и бийуэ къыззыруевыр.

Iуэхугъуэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкIми, «аптекэ-хущ1ухуэ» наркоманиер узыгъэпIейтейуэ кьонэж. Абы хуаIэ Iуэху епльыкIэр жа1ащ, узыншагъэр къыхахыну щ1алэгъуалэр къыхураджащ Щ1ыхьбзхэм я Налшык советым и гуащэ **Дыджэш Лидэ**, КъБР-м и щ1алэгъуалэ центрым и унафэщI **Азубэч Азамат**, «Барс Эль» жьлагъуэ организацэм и исполкомым и тхьэмадэ **Гериев Абузеит**, КъБР-м и мусльымэн, чристэн дин Iэхуущ1апIэхэм я лЫкIуэхэм, нэгъуэщ1хэми.

- Лъэпкьыбэ ди лъахэр къулейщ акъыл жан зиIэ щ1алэгъуалэкIэ. Фызэкъуэтмэ, Iуэхуфl куэд фхуэлэжьынущ. Ди фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхьыр зэрыфIэтынур, абы и Iэр фIыкIэ зэрыгъэлIынур. Узыншагъэр нэхъапэщ, гъащIэр лъапIэщ. - сыт щыгъуи зыщ1ыфхъумэ а лъапIэныгъэхэр Iэщ1ыбэ фхэзыгъэщ1ынущ щ1ухъуныем, - жа1ащ абыхэм. Къызэрыхагъэщащи, нарконманием пэщIэтыным и нэхъ IэмалыфIыр щ1алэгъуалэм ядэлэжьэнымрэ ахэр Iуэху щ1ухьэпэхэм жыджэру хэгъэтынымрэщ.

Наркотикым и бийуэ къыззхуэсахэм я нэхъыбэр щ1алэгъуалэт. Абыхэм жа1эну зыхуейр кьытещ1ыт яIыгъ плакатхэм: «Жа1алр щ1эныр къыззтевгъэувы1э», «Жа1алр зыщ1эхэм - тутнакъ тезырхэр», «Кавказыр наркоманием и бийщ», нэгъуэщ1хэри.

Кавказ Ищхьэрэ щ1ыналъэм наркотик лIэужьыгъуэу нэхъыбэу къыщ1агъэсэбэпыр аптекэхэм рецептыншэу щащ1э «Лирика», «Тропикамид» жыхуаIэхэрщ. Абы къэралым унафэ гуэр хуимыщ1у хъунукъым. Ар къызыхэщ1 резолюцэм кьеджащ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщI **Анаев Марат**. Резолюцэм къыхощ1ди республикэм и гъэзэщ1акIуэ, хабзэгъэув властхэм я хущ1ухъэхэм ятеуха жэрдэмкIэ федеральнэ Iуэхуущ1апIэхэм зыхуагъэзэн хуейуэ.

ДЫГУЛЫБГъУ Жантинэ.



Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщ1ыдзэкIынур бадзэуэгъуэм и 4-рщ.

Хьэрэдурэ Динэ и уэрэд дахэхэр

КъЭБэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щ1ыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэрэщ1ерэджэсым щ1ыхь зиIэ и артистэ, пшынауэ, уэрэджьыкIуэ, уэрэдус, макъамэхэ Хьэрэдурэ Динэ къыфIащащ «Адыгэ Республикэм щ1ыхь зиIэ и артистка» цIэ лъапIэр.

Адыгейм и Iэтащхьэ Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрийрэ АР-м щэнхабзэмкIэ и министр Кьул Мухьэмэдрэ Хьэрэдурэ Динэ гуапэу кьеХъуэхъущ1ащ икIи фIыщ1э кьыхуащ1ащ республикэм и щ1ыпIэхэм ятеуха уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ зэрытхым, щ1ыналъэм щекIуэкI махуэшхуэ зэхьыхьэхэм зэрыхэтым папщ1э.

Хьэрэдурэ Динэ Адыгэ Республикэм хьхьэ Къэшхьэбгъэ кьуажэм нобэ концерт ин щет. Абы Мейкъуапэ къалэм щ1ыпищ1нущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къафэмкlэ дерсхэр

Куба къуажэм къафэмкIэ дерсхэр щрагъэкIуэкIащ ЩIалэгъуалэм я махуэм ирихьэлIэу.

МЭЛБАХЪУэ ФатIимэ зи унафэщI, щапхъэ къалъытэ «Адыгэ бынхэр» сабий ансамблым лъэпкъ къафэхэмкIэ дерсхэр щитащ Бахъсэн щ1ыналъэм и КIЩОН-м узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и къудамэм и гъэсэнхэм папщIэ.

Iуэху щхьэпэр къызэрагъэпэщащ щ1ыналъэм Къалэн куэд щагъэзащIэу щиIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щ1алэгъуалэ центрымрэ къуажэм ЩIэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIхэмрэ.

ЦIыкIухэм я къафэ лIэужьыгъуэхэр япэщIыкIэ хьэщIэ ныбжьыщ1эхэм ирагъэлъэгъуащ, абыхэм хагъэгъуэзащ. ИужькIэ псори яфIэфI дыдэу къызэдэуджащ.

Зэхьыхьэр иджырей къафэкIэ зэхуащ1ыжащ. Къызэхуэсахэм зэгъусэу сурэтхэр зытратэхащ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхуущ1апIэм и унафэщI.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьакIымыху Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1ыпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; къыбарыщ1эхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуущ1апIэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1Iэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуущ1апIэм №Н-0065-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорзу Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(4, 5, 6-нэ нап.). Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящ1ащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.017● Заказ №1117